ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЕГЕНДЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№221 (21.379) ● 2008 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Ди республикэм щыхъыбархэр - «Известия» газетым

«Известия-Юг» щIыналъэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ. Ар теухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхъыбархэм. Урысейм щыщIэрыIуэ газетым тетщ республикэм и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызыIэ Iуэхуу иужь ээманым къэхъуахэр.

ДЭТХЭНЭ тхыгъэми ущрохьэлIэ «иджы япэу» псалъэхэм. Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщу газетым къеIэт Урысей Ипщэм щыяпэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Шэджэм къалэм европэ мардэхэм тету фэм щелэжь заход зэрыщащIынум, нэгъуэщI инвестицэ проект хьэлэмэтхэм, 2009 гъэм и республикэ бюджет зэгъэуIуэ къыззрыщащтам, дызэхуэкIуэ ильэсым я пэ дыдэу ар нэсу ахьшэкIэ къызэрэпэщащэу зэрыщытынум.

«Известия» газетыр апхуэдэу топсэльыхь хьэрычэт Iуэху мыиным зегъэужьыныкIэ республикэ программэр гъэзэщIэным и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэ хэха зиIэну, Ипщэ Федеральнэ округым щынэхъ ин дыдэ бизнес-инкубатор Налшык къызэрыщызэIуахам. Газетым гулъытэ хуиныжыу къэнакIым КЪР-м и спорт гъащIэм хиубыдэ Iуэхушхуэмэ - 2009 гъэм щыхубзэм футболымкIэ и европэ чемпионату Финляндиеми щекIуэкIынум хэтынухэр къыхэхыным теухуа зэIущIэ ди деж зэрыщекIуэкIам. Республикэм нэхъ апэкIи къызэригъэпэщащ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хиубыдэ зэIущIэхэр. КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ щыхубзэм я дунейпсо шахмат чемпионатыр мы гъэ бжьыхьэм Налшык щекIуэкIащ. БзэнэкIэ хуитымкIэ Урысейм и конденсаторхэм и унафэщIхэр мы зэманым хоплъэ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ дунейпсо кубокыр къэхъыныным теуха зэхьэзэхуэм и Iыхьэ щIэхэуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкIуэкIыным.

Ауэ гурыIуэгъуэщ Урысей псом хэIущIыIу щыщIыпхъэ, щIыхуэр яфIэгъэщIэгъуэну зэджэн хъыбарыщIэ псори а зы къыдэкIыгъуэм зэримыхъуар. 2009 гъэм и щIышыпэм щыщIэдзауэ «Известия-Юг» газетыр маазэм тIэу къыдатекIынущ, етIуанэ илъэс ныкъуэм щегъэжьауэ тхьэмахуэ къэс къыдэкIыу щIидзэнущ.

ХЬЭПЭ Мариноу,
КЪР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лъэхакIуэ.

Темыркъан Юрэ и юбилейм ирихьэлIэу

Ди хэкуэгъу щIэрыIуэр мы гъэм дыгъэгъазэм и 10-м илъэс 70 ирокIу. Абы теухуауэ щытащ Санкт-Петербург Шостакович Д.Д. и цIэр зезыхь и филармонием щIыхь зиIэ и гупым - Академическэ симфоние оркестрым - и художественэ унафэщIи кIи дирижер нэхъыщхьэ Темыркъан Юрэ иджыблагъэ ита концертитIыр.

КОМПОЗИТОР Чайковский Петр и творчествэм теухуауэ щыта япэ пщыхьэщхьэм ягъэзэщIащ фортепианэмрэ оркестрымрэ папщIэ си-бемоль минор концерт №1-мрэ «Патетическая» си-минор симфоние №6-мрэ. Абы солистыу хэтащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Мацуев Денис. КъыкIэльыкIуэ махуэм кIуэкIэ етIуанэ концертми щагъэзэжьащ Чайковскэм и Iэдакъэщ1экIэр: «Ромео и Джульетта» увертюрэр-фантазиер, виолончельмрэ оркестрымрэ папщIэ вариацэхэр. Солистыу щытар дунейпсо конкурсэм я лауреат Васильевэ Татьянэщ.

Дирижер щIэрыIуэм ехъулIэныгъэ кIуа хьэщIэхэм яхэтащ творческэ, жыларыгъэ лэжьакIуэ инхэр, гъэазджэм и лэжьакIуэхэр, политикхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэхэу Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Iтащхьэ Пархомовскэ Юлие, дизайнер Сэралъп Мадинэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрад университетым и ректор Къарэмырзэ Барэсбий, галерист Сэралъп Альберт, композитор ХьэIупэ Джэфэр Iуп сымэ.

Урысейм и дирижер ин, СССР-м и цIыхубз артист Темыркъан Юрэ 1938 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Налшык къалэм къыщалъхуащ. 1968 гъэм щыщIэдзауэ ар Ленинград филармоние и оркестрым и дирижер нэхъыщхьэу икIи художественэ унафэщIу, 1976 - 1988 гъэхэм Ленинград оперэмрэ балетымкIи и театрым и дирижер нэхъыщхьэу, 1988 гъэм Ленинград (Санкт-Петербург) академие симфоническэ оркестрым и дирижер нэхъыщхьэу щытащ.

Темыркъан Юрэ Пармэ къалэм (Италие) и Королевскэ театрым музыкэмкIэ и директориIц. Нэхъ апэкIэ ар ядэлэжьащ Лондон и Королевскэ симфоние оркестрым, Дрезден и филармоническэ оркестрым, Балтимор и симфоническэ оркестрым, Данием и радиом и симфоническэ оркестрым. Нэгъабэ лъандэрэ Темыркъанэр Театр Иным иригъэблэгъа и дирижер нэхъыщхьэщ. Ди хэкуэгъуэр СССР-м и Къэрал саугьэтхэм, Урысейм и Президентым и саугьэтым, Аббиати и «Илъэсым и дирижер нэхъыфI» саугьэтым я лауреатщ.

Ханты-Манси автоном округым 2008 гъэр «Темыркъаным и илъэсу» щагъэуващ. Ар мазаем и 28-м гуфIэгъэ зэIущIэшхуэ кIэ къыдэIуатхащ. Мы гъэм кIыхьыбзу Санкт-Петербург и симфоние оркестрым хэтхэм Югра концертиц щатынущ. Дунейпсом щыщIэрыIуэ дириженрым «а щIыналъэр фIтельыдж, фIхьалъэмэтэхуат, 2006 гъэм оркестрым щIыгъуу Урысейр къыщыIэхихIухьа лъэхъэнэм япэ дыдэу щыкIуам.

Темыркъан Юрэ и юбилейм и щIыхькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуфIэгъэ Iуэхуэр щрагъэжьКIыну я мурадц.

МЕЧИЕВ Асхьат,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лъэхакIуэ.

Зэпыщ1эныгъэхэр ягъэбыдэ | Си бзэ - си псэ | дуней

Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

Пшыхьхэр | Щ1бэт къыдэкIыгъуэ | Мальхъэдис

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр тыным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЩIэпхъаджащIэхэм япэщIэтыныгъэ щыщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституциер зэрагъэпэщ. Абыхэм ящыщу IуэхуитемкIэ и Конституциер ЩIыхь тхылъыр етын

Алкъэй Замир Суанбэч и къуэм - къэрал кIуэцI Iуэхухэмкl э управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм щыIэм милицэм и участковэ уполномоченнэхэмкIэ и отделым и унафэщIым

Сэхъу Замир ПIыт1 и къуэм - къэрал кIуэцI Iуэхухэмкl э отделу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Майпрайоным щыIэм и унафэщIым

Уянаев Алий Мухьтар и къуэм - къэрал кIуэцI Iуэхухэмкl э управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм щыIэм милицэм и участковэ уполномоченнэхэмкIэ и отделым и 3-нэ отделенэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м
№120-УП

● Дыгъуасэ

Сурэтыр МАМИЙ Руслан *трихащ.*

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, федерал инспектор Меркулов Александр, КЪБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр АфэщIагъуэ Михаил, узыншагъэр хьумэныкIэ министр Бицу Вадим, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Сорокин Виктор сымэ, нэгъуэщI къулыкъущIэхэр зыхэта зэIущIэ дыгъуасэ щекIуэкIащ Налшык къалэ клиникэ сымаджэщым хьихь хирургие кьудамэм и уху?ныгъэм.

Узыншагъэр хьумэным хуэфащэ гулъытэ егъуэт

КЪАТИХЫУ ЗЭТЕТУ, гъуэлыпIэ 260-рэ щIэхуэну (пэш къэс гъуэлъыпIитI нэхъыбэ щIэмыту), щIыуэ метр зэбгъуэзэнатIэ 23473-м тету ящI сымаджэщыр ухуэныгъэ кIыхьлIыхь хьуауэ щытащ, уеблэмэ 1997 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ 2005 гъэм и гъатхэпэ пщIондэ абы зыри елэжьакъым халъхьэн мылъку зэрамылам кIыхьэлIыу. Иджы Iуэху бгъэдыхьэкIэм зихуэжащ. Мы махуэхэм ирихьэлIэу сымаджэщ корпусыщIэм ухуакIуэхэм зэфIахьыпхъэ лэжьыгъэшхуэ кIыщIэнакъым; ухуэныгъэм и щыбри и кIуэцIри зыхуеИ хуэзэу зехьащ, ящIэхьэри бжьэ-щхьэгубжэри зэпэщIащ, хуабэр, псыр, электрокъарур зрикIуэ зэпыщIэныгъэхэр, пэшхэм щIэт хьэуар зыгъэкъабзэ, щIэзыш Iэмэпсымэх эр гъэпсащ, унэ лъэгухэр керамограниткIэ, бльнхэр плиткэкIэ кьищIыкIащ, сантехникэр ягъэуващ. БжьгъэкIэ къзбгъэдЫагъуэмэ, иджыри кьэс зэфIаха лэжьыгъэхэм республикэ, федерал мылькухэм кIыхьэкIыу сом мелуани 160-рэ текIуэдащ. Ухуакlу эк эм зэфIагъэкIын хуейуэ кьэнэжар зымащIэщ: ухуэныгъэр дохутыр Iуэхущ1ы нэгъэсауэ ятыну я мурадц 2009 гъэм и апэ мазэщым и кIэухым. Абы ирихьэлIэу сымаджэщыр зыхуеину Iэмэпсымэхэмрэ унэльащIэхэмкIэ кьызэгъагъэпэщынущ.

Сымаджэщ бжэIупэм щекIуэкIа зэIущIэм Президентым и упщIэхэм жхуаун ириташ, зэфIаха лэжьыгъэм тепсэльыхьащ Афэщ1агъуэ Михаил. Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Николай ухуэныгъэм ехьэлIауэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэмрэ гу зылъытапхъэхэмрэ республикэ унафэщIэр щыгъуаз э ящIащ. Апхуэдэщ, псальэм папщIэ, сымаджэщым ильаджьэ (цокольнэ) къатыр, зэкIэ хуабэрэ электрокъарурэ зэмыкIуадIэр, нэщIу кьэмынэу, КЬРКЪУ-м и медицинэ факультетымрэ медколледжымрэ я еджакIуэхэм щадэлажьэ щIыпIэу гъэпсыным теухуар.

ЭлуIущIэм хэтахэм я псальэмакъым адэжэ пащащ сымаджэщ пэшхэр кьаплъыхьуэрэ. Кьанокъуэ Арсен кьулыкъущIэхэм кьалэн ящищащ сымаджэщыр зыхуей хуэзауэ я ятын папщIэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым я нэIэ трамыгъэкIыну, ухуэныгъэр ящIыпIыщ и пэ иджыри зыбжанэрэ зэIущIэнуи ярихьэлIащ.

Адэкlэ КъБР-м и Президентымрэ кьулыкъущIэ гупымрэ щыIащ Налшык кьалэ клиникэ сымаджэщым хэту сабийхэм щеIэзэ кьудамэм. Ари ящIыщ дызэрыт лъэхъэнэм еужьэрэкIыу лэжьыгъэшхуэ зращIэкIэхэм. ЗэрыжаIу, блынкэм фIэкIа кьэмынэу кьыщIагъэкъэбзыкIауэ, сабий сымаджэщым и унэр щIэрыщIэу кьыззрагъэпэщыж. Абы пыщIа Iуэхухэри и кIэм нэблэгъа хуэдэщ, кьахуэнар унэгупэмрэ бжэIупэмрэ зыхуей хуагъэзэн, лифтхэр щIэкIэ зэхъуэкIын, сымаджэщым и хьуреягыр зэIуэзэпэщ щыжыныр. Сабий сымаджэщыр 2009 гъэм икуэм ирихьэлIэу ятыну я мурадц, зи гугъу яща Iуэхущ1апIитI ранжаэу ятупIащынымкIэ кьэна лэжьыгъэ псоми текIуэдэну хуагъэфащэ сом мелуан 17-р республикэ бюджетым кьыщIыгъэгъуащ.

Хуэныгъэ лэжьыгъэ хэр щекIуэкI объектхэр кьыззэхIухьа нэужь, Кьанокъуэ Арсен журналистхэм я упщIэхэм жэуап яритащ. Псальэм папщIэ, социальнэ Iэнатlэм зегъэужьыным, щIыхуэм я узынщагъэм щыкIэльыплъ Iуэхущ1апIэхэр егъэзэкIуэныным иужьрей Iэманым гулъытэ нэхъыбэ ягъуэт зэрыхьуам теухуауэ Президентым жиIащ ди республикэм и щIыхуэм я узынщагъэр хьумэныр яп игъэщIапхъэ кьэрал Iуэхуэхэм ящыщу кьызэрильытэр.

- КьыхэгъэщIыпхъэщ демографие щытыкIэр зэрефIакIуэр, сабий щIынэу лIэжхэм я бжьыгъэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ зэрыхьуар, - жиIащ Президентым. - Ди тIщ1эм хуейщ ди щIыналъэм нэхьыбэу ящытепщ1э узыфэхэр зыхуэздэр, абыхэм зэребэнын Iэмалхэр дгъэпсын папщIэ. Абы пыщIауэ зэфIэдгъэкI Iуэхуэхэм ящыщу ара нэхъ Налшык кьалэ клиникэ сымаджэщым дыкьыщIэкIуар. Хуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым кIэльыплъыным и мызакъуэу, дэ яужь дитщ сымаджэщым кьыззэIущIащ Чайковскэм и Iэдакъэщ1экIэр: «Ромео и Джульетта» оперэм и увертюрэр-фантазиер, виолончельмрэ оркестрымрэ папщIэ вариацэхэр. Солисту щытар дунейпсо конкурсэм я лауреат Васильевэ Татьянэщ.

Мыбдеж кьыхэгъэщIыпхъэщ зи гугъу тщIы сабий сымаджэщыр реконструкцэ щыныным республикэ мылькум дэщIыгъуэу федерал дэIэпыкъунэгъуи зэрыхьэлъыр, АбыкIэ дэ фIыщIэ ин худощ1 УФ-м и Президент Медве дев Дмитрий, Президент фондым кьыхэкI мылькукIэ зыкъыззэрытщIигъэкъуам папщIэ. А фондым щыщ апхуэдэу хуэхахащ Прохладнэ районым щыIэ еджапIэ-интернатми. Зи гугъу сщIыхэр икъуэкIэ щIэтэкъуэныншхуэщ республикэ бюджетым дежкIэ.

Сэ кьызэольытэ узынщагъэм щыкIэльыплъ, щIыхэфIакъуэхэр, щрагъэфIакIуэ Iуэхущ1апIэхэр Iэпэдэгъэлэл пщIы мыхьэнэу Iэнатlэм зи ящыщу, Икlи ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ щIэщ Iэмал псори кьэдгъэсэбэпу а Iэнатlэр сыт и лъэныкъуэкIи егъэфIэкIуэным. Дыщогугъ дунейпсо финанс кризисым ижь кьыщIинэжьхуэ узынщагъэр хьумэн Iэнатlэм 2009 гъэм зегъэужьным хуагъэпса федерал программэхэр кьызыхуэтэныншэу кьидэхуп1эну.

КЪБР-м и Президентыр а мазэм апхуэдэу щIэлаж узынщагъэр хьумэн Iэнатlэм зегъэужьыным щекIуэкI нэгъуэщI объект зыбжанэм.

НЫБЭЖЬ Таисэ.



Псоми я щынагъуэншагъэм щхьэкIэ

Франджым и кьалэ нэхъ дахэхэм ящыщ Ниццэ щекIуэкIащ Урысей - Евросоюз саммит.

АБЫ къыщаIэтащ зэрыззэхьэжьауэ, зэрыгъэзэжьауэ щрагъэкIуэну щыкIэм теухуа Iуэхуэгъуэхэр. АбыхэмкIэ зэгурыIуэныр иджы кьагъэсащ Урысейм Польшэм, Литвам, Курдыкъуэ «зыкъыщIыхуагъэгуэн» Iуэху зэман-зэманкIэ кьагъуэту зэрыщIэтам кьыхэкIыу.

КъызэралытэмкIэ, иджы апхуэдэ лъэпощхьэпохэр щы-Iэжьынукъым. Евросоюзым и унафэщI, Франджым и Президент Саркози Николя жиIащ Урысейм ельм и щIэ дильхьэжа и кьалэнхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэригъэзащIэр.

Медведев Дмитрийрэ Саркози Николяйрэ кIуащ зи экономикэхэр нэхъ лъэщ хьащ 20-м и Iэтащхьэхэм нобэ США-м къыщыззIуах зэIущIэм. Абы Iуэху ин дыдэхэр къыщаIэтыну я мурадц дуней псор зэщIэхуэзыбыда финанс кризис ткIийм зэрикIыну Iэмалхэм теухуауэ.

Къэрал Думэм

УФ-м и Федерацэм Зэхуэсым и Щ1ыхьэр палатэр яп еджагъэкIэ дыдэу хэзгъэгъэтехуащIыкIыпIэ хабзэхэм щыщ гуэркэр зэхуэфIыным теухуауэ Президент Медведев Дмитрий къыIэтащ зэрдэмым.

ЗЭХЬУЭКIЫНЫГЪЭХЭР нэхъыщхьэу зыхуэхъэр УФ-м и Президентымикъытэ зэрилъытащ.

Москва къыщыкъэIуахащ яп троллейбус гъэзэгр.

♦ЩIэкIуэгъуэм и 15-19-хэм Алжирым щекIуэкIынущ ЩIыхьэдагъэм, газым, энергетикэм я тхьэмахуэ зэхуаку дэжьыгъэ.

♦Дыгъэ кьыщIэкIащ сыхьэти 7-р дакъикьи 3-м, кьухьэжьынщ сыхьэт 16-р дакъикьи 41-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакъикьэ 38-р.

ЩIэкIуэгъуэм и 16, *тхьэмахуэ*

♦ЗыныIэныкъуэ и дунейпсо махуэщ ООН-м и Ассамблеер Нэхъыщхьэм 1996 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къызыхурилъхьа ипкъ иткIэ ягъэлъапIэ.

♦Зи хэку зыбгъанахэм я дунейпсо махуэщ (2005).

♦1996 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м Каспийск къалэм (Дагъыстан) уиз къыщыщIадзауэ хэкIуэдахэм я фэепль махуэщ.

♦ЩэкIуэгъуэм и 16 - 18-хэм Дели (Индие) щекIуэкIынущ дунейпсо экономикэ форум.

♦Дыгъэ кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-р дакъикьи 4-м, кьухьэжьынщ сыхьэт 16-р дакъикьэ 40-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакъикьэ 36-р.

ЩэкIуэгъуэм и 17, *бгьыщхэ*

♦ Студентхэм я дунейпсо махуэщ. 1946 гъэм Студентхэм я дунейпсо конгрессым щагъэуващ 1939 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м нэмыщ-фашист зэрыпхьхуакIуэхэм зэтраукIа чех студент-патриотхэм я фэепльу.

♦Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-р дакъикьи 6-м, кьухьэжьынщ сыхьэт 16-р дакъикьэ 39-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакъикьэ 33-р.

ПIалъэгъэ зыгъэхьэзырыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

Медведевым идэркъым

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Украинэм и Iэтащхьэ Ющенко Виктор зыхуэпсэлъащ а къэралым щагъэвду Iуэхум теухуауэ.

ЗИ ГУГЪУ ищIыр украинэхэр илъэс 75-рэ и пэкIэ гъаблэм иратъэхьауэ жиIэу Киев къырихьэжьа Iуэхущ. Медведев Дмитрий Ющенко Виктор игу къегъэкIыж а зэманым Урысейм и курыт щIыналъэхэм щыIэ, Индыл и Iуфэ Iус жылагъуэхэри гъаблэм и Iуэвэгъуэм зэрыхэтар, мы Iуэхур украинхэм я закъуэ я щхьэм къриклуа е ирапIа залымыгъуэ зэрыщыкIыр.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ЩкIуэгъуэм и 15, *щэбэт*

♦Бельгие пащтыхьыгъуэм и махуэщ - Пащтыхь лIакъуэм и махуэщ (1866)

♦Урысей дзэ-тенджьз флотым щагъэлъапIэ Каспий флотилием и махуэр, 1722 гъэм Петр Еаанэм и унафэкIэ Астрохьан кхъуэ тедзапIэ кьыщыззрагъэпэщащ.

♦Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1933) зкIэнгъэзащIэныкъэрэ зэрыгъэзэрагъэ, арфрацэхэм кьыхэдащащ.

Апхуэдэу мыхьэнэщхуэ иIэщ хабзэхэм халъхьэну изгъэущ зыхуэзIыпанагъхэмэ. Чэфу ящыи иныгъыу цIыху езыгъэукIам и Iуэхум иджыкI ткIийуэ бгъэдыхьэнущ. Псальэм папщIэ, зы цIыху хэкIуэдам, ар зи зэранкIи итъэхи 5-м кьыщыщIадзауэ 7-м нэскIэ ягъэлIыкъэхьнущ. ЦIыхуитI е нэхъыбэ хэкIуэдамэ, ар ильэсиI9-м нэскIэ лъхьэуящим исынущ.

Аращи, ефаку рулым дэсыным лIыгъэ хэзыльагъуэкIэ абы ирегупсыс.

Медведевым идэркъым

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Украинэм и Iэтащхьэ Ющенко Виктор зыхуэпсэлъащ а къэралым щагъэвду Iуэхум теухуауэ.

ЗИ ГУГЪУ ищIыр украинэхэр илъэс 75-рэ и пэкIэ гъаблэм иратъэхьауэ жиIэу Киев къырихьэжьа Iуэхущ. Медведев Дмитрий Ющенко Виктор игу къегъэкIыж а зэманым Урысейм и курыт щIыналъэхэм щыIэ, Индыл и Iуфэ Iус жылагъуэхэри гъаблэм и Iуэвэгъуэм зэрыхэтар, мы Iуэхур украинхэм я закъуэ я щхьэм къриклуа е ирапIа залымыгъуэ зэрыщыкIыр.

Къэрал Думэм

УФ-м и Федерацэм Зэхуэсым и Щ1ыхьэр палатэр яп еджагъэкIэ дыдэу хэзгъэгъэтехуащIыкIыпIэ хабзэхэм щыщ гуэркэр зэхуэфIыным теухуауэ Президент Медведев Дмитрий къыIэтащ зэрдэмым.

ЗЭХЬУЭКIЫНЫГЪЭХЭР нэхъыщхьэу зыхуэхъэр УФ-м и Президентымикъытэ зэрилъытащ.

Апхуэдэу мыхьэнэщхуэ иIэщ хабзэхэм халъхьэну изгъэущ зыхуэзIыпанагъхэмэ. Чэфу ящыи иныгъыу цIыху езыгъэукIам и Iуэхум иджыкI ткIийуэ бгъэдыхьэнущ. Псальэм папщIэ, зы цIыху хэкIуэдам, ар зи зэранкIи итъэхи 5-м кьыщыщIадзауэ 7-м нэскIэ ягъэлIыкъэхьнущ. ЦIыхуитI е нэхъыбэ хэкIуэдамэ, ар ильэсиI9-м нэскIэ лъхьэуящим исынущ.

Аращи, ефаку рулым дэсыным лIыгъэ хэзыльагъуэкIэ абы ирегупсыс.

♦ЩIэкIуэгъуэм и 15-19-хэм Алжирым щекIуэкIынущ ЩIыхьэдагъэм, газым, энергетикэм я тхьэмахуэ зэхуаку дэжьыгъэ.

♦Дыгъэ кьыщIэкIащ сыхьэти 7-р дакъикьи 3-м, кьухьэжьынщ сыхьэт 16-р дакъикьэ 41-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакъикьэ 38-р.

ЩэкIуэгъуэм и 16, *тхьэмахуэ*

♦ЗыныIэныкъуэ и дунейпсо махуэщ ООН-м и Ассамблеер Нэхъыщхьэм 1996 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къызыхурилъхьа ипкъ иткIэ ягъэлъапIэ.

♦Зи хэку зыбгъанахэм я дунейпсо махуэщ (2005).

♦1996 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м Каспийск къалэм (Дагъыстан) уиз къыщыщIадзауэ хэкIуэдахэм я фэепль махуэщ.

♦ЩэкIуэгъуэм и 16 - 18-хэм Дели (Индие) щекIуэкIынущ дунейпсо экономикэ форум.

♦Дыгъэ кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-р дакъикьи 4-м, кьухьэжьынщ сыхьэт 16-р дакъикьэ 40-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакъикьэ 36-р.

ЩэкIуэгъуэм и 17, *бгьыщхэ*

♦ Студентхэм я дунейпсо махуэщ. 1946 гъэм Студентхэм я дунейпсо конгрессым щагъэуващ 1939 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м нэмыщ-фашист зэрыпхьхуакIуэхэм зэтраукIа чех студент-патриотхэм я фэепльу.

♦Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-р дакъикьи 6-м, кьухьэжьынщ сыхьэт 16-р дакъикьэ 39-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакъикьэ 33-р.

ПIалъэгъэ зыгъэхьэзырыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

ЩIэблэ къыщIэмыхьуэр лъэпкъ хъуркъым.



● Дзэлыкъуэ куей

Мэкъумэщыщ1эхэм я фIыщIэкIэ

Дзэлыкъуэ куейм хьыхьэ ЯтIэкъуэ къуажэм мэкъумэщ предприятэу 2. фермер хозяйствэу 1. бдэжьэдырылажьэу 4 иIэщ. ЩIым телэжьыхь щIыхумкIэ зэманыр сыт хуэдэу гугъуу щымыт ми. мы илъэсым къуажэ мэкъумэщыщIэхэм ехъулIэныгъэфIяIащ.

«ВЫБОР» СХП-м мы гъэм кърихьэлIа гуэдзым хуэдэ куэд щIауэ япэ-гуаякъым. Бдэжьэндырылажьэхэм 301 гектаркIэ хуэзэу гуэдз центнер 52-рэ къытрахьи яхуэзэфIэкIащ. Хозяйствэхэм кIэрыхуншэу кърахьэлIэжа гъавэр мы зэманым хъуманIэкъэ щIэлъщ. ЩIым телэжьыхьэм хэгъуэр и чэзум зэрызэфIагъэкIам и фIыгъэкIэ техникэри зыхуей хуагъэзащ, бжьыхьэсэри гуваякъым. Сыт хуэдэ Iуэку къаIэтми, къуажэ администрацэм и дэIепыкъуэгъу нэхъыщхьэр а хозяйствэхэрэщ. Мэкъумэщ Iуэхущ1апIэхэмрэ бдэжьэндырылажьэхэмрэ я ахъшэкIэ мэжджьтымрэ еджапIэмрэ гъэкьыгъэ гуэркэр щыззэфIагъэкIыну. Ахэр жыджэру хэтщ жылагъуэр зэIуэпэщ щIыным, гъэкъэбзэным теухуауэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Зэпыщ1эныгъэхэр ягъэбыдэ

АБХЪАЗ. *Ливаным и парламентым и спикер Харария Саад иджыблагъэ зэрыжиIамкIэ, абы и къэралыр хьэзыщи Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ зэныбжьэгъугъэ зэгурыIуэныгъэхэр яришыпIэну икIи лъэныкъуэ кудкIэ ядолажьэну, уеблэмэ къэралыгъуэ щхьэхуэу щыт республикэу ахэр кьилъытэну.*

«ОСЕТИЕ Ипщэмрэ Абхъазымрэ къэралыгъуэ щхьэхуэу къэпльытэным теухуа Iуэхугъуэхэм гулъытэшхуэ хуащIу хэлIынущ. Ауэ абы дыпэмыплIэу экономикэ зэпыщIэныгъэхэр иджыпсту зэтедухуэн хуейщ. Зэман гъунэгъум ди хьэрычэтыщIэхэр а щIыналъэхэм кIэнущ.

Урысей Федерацэр зауэ зэпэщIэуэвэныгъэхэр зэригъэупщIыIуным, мамырыгъэр щIыналъэхэм щызэтеIэныным хущIэкъуу зэпытщ», - жиIащ Харири Саад.

Адыгейм зыщIегъакъуэ

АДЫГЕЙ. *Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэкIэ республикэм и бюджет Iэнатlэхэм щылажьэхэр я улахуэм зэрыкуагъэзахуэну ахъшэр федерал центрым щхьэхуэу щыIэр. Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ иджыблагъэ зэращIылIащ УФ-м финансхэмкIэ и министр Кудрин Алексей Адыгейм и президент ТхьэкIуцIынэ Аслъэнджэрийрэ.*

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Iуэхущ1апIэм хуэзэрагъэпэщащ, Адыгейр федерал центрым мылькукIэ щIелъэуам и щхьэусыгъуэр 2008 гъэм къащта бюджетым зи гугъу тщIа Iэнатlэхэм щылажьэхэм я улахуэр фокIадзам и 1-м щыщIэдзауэ процент 7-кIэ хуэгъэхъуэну къызэрыщыгъэпIэгъуэр аращ. УФ-м и Правительствэм къищта унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ар процент 14 хуэдизу икIи фокIадзэ мыхъуу, мазаем и 1-м щыщIэдзауэ иратын хуейт.

ТхьэкIуэцIынэ Аслъэнджэрий зэIущIэм щыжиIащ УФ-м и Правительствэм и унафэм тету, бюджет Iэнатlэхэм Iутхэм я улахуэм зэрыхуагъэхъуар, абы щхьэкIэ иужьрей кварталым хуэзэ ахъшэхэр къагъэсабгъэн хуей зэрыхъуар. Кудрин Алексей Адыгейм и унафэщIыр кIыгъэгугъащ республикэр зыхуэныкъуэ ахъшэр хьэхуитIыпщыну.

Нэфхэм папщIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ЦIЭРДЖЭС. *Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и къудамэу Черкесск къалэ щыIэм иджыблагъэ къыщызэIуахащ зи мэмылъагъуэхэм щадэIэпыкъуну социально-психологие центр.*

АБЫ ЩАГЪЭУВАЩ зи нэм имылъагъуэхэм зэрадэIэпыкъу Iэмэпсымэхэр. Ахэр релаксацэ, киногъэлъэгъуапIэ пэшхэм кIуэ хьуну, зи Iэщ1агъэ зимэ психологым и дэIепыкъуныгъэм ягъуэтынущ.

ХЬЭЩIЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псальэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2009 гъэм и яп илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедэныр зэрекIуэкIыр. Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кIэлIейкIи 10-рэщ.

«Адыгэ псальэм» Iэ щытетдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

● КъБР-м Инвестицэхэмкlэ и советым

Финанс щытыкlэр зэрызэlыхьар зэран къахцэхъунукъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым технологие гъэгэкэр кьыщагъэсэжи, щlэуцlыбзэ зиlэ продуктхэр кьыщlэзыгъэхьэ и промышленностым и Iэнатlэ нэхъыщхьэр Прохладнэ районым щыз эграгъэувэнщ. Инвестицэхэмкlэ советым и зэуцlэу иджыблагъэ екlуэкlам муниципалитетым и унафэщlхэм апхуэдэ кьалэн щахунгъэ-ваш КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ПРОХЛАДНЭ муниципальнэ районым и экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ инвестицэхэр кьыхуэзгъэнщlэ-гъэуIуэным хуэунэтlауэ ирагъэкlуэкl гъэжьыгъэхэм Тепе-сэпlыхьащ район администрацэм и Iэтащхьэ **Гертер Иван.** Абы зэрыжиlамкlэ, иджыблагъэ мы щlыналъэм хьэзыр щыхъащ псори зэхэту сом мелуан 9335,92-рэ зи уасэ инвестицэ проекту 25-рэ. Абыхэм нэмыщl мы зэманым районым щолэжь инвестицэ проекту 11-м. А псоми я хъэжькlэ лэжьапlэ-щlэу 446-рэ кьызэрагъэпэщыфыну, Iэщ бжьыгъэм 665-кlэ, джэдым - мин 360-кlэ, кхъуэм - мин 42,8-кlэ хагъэхъуэфыну щогъуэ. А кьалэнышхуэхэр зэфlэгъэкlыным екъэIуауэ зэмылIэужьыгъуэу 35-рэ щlэуэ ящуэну е зэрагъэпэщыжьну кьоюв.

Гертер Иван зэрыжиlамкlэ, проект нэхъ ин дыдэхэм ящьыщщ илъэсым льыуэ тонн 6900-рэ къэзыгъэжьыфыну кхъуэ комплекс Солдатскэ станицэм, илъэсым джэд мелуани 2,8-рэ щагъэхъуэ гъэуалъэу. Iэ 13 зыхэт джэдыкъэ комплекс Матвеевскэ кьутырым щыщlыныр, Ульяновскэ жылагъуэм щыlэ «Заря» ООО-м процент 21,6-кlэ нэхъ мащlэ зэрарадыфырэ. ищlыхьжlэ кьыщыгъэльэгъуэ инвестицэ проект псори гъэззэщlэн щаухым ирихьлlэу а бжыгъэм аргуэру процентI 10,5-рэ зэрыкlэрагъэхуфынур.

Гертер Иван апхуэдэу КъБР-м и Президентым и Советым и тонн 15773-рэ кьрахьэлIэжащ. А бжыгъэжэн нэгъабэрейхэм нэхъыбэщ.

«Иджыпсту районым быльымэ 28088-рэ (12800-р жэмщ), джэдыкъэу мин 370-рэ иlэщ. Мазибгъум кьуажэдэхэм лыуэ тонн 3310-рэ, гъэшу тонн 26031-рэ кьалэжьащ, джэдыкъэу мелуан 14-рэ мин 765-рэ кьрахащ.

Хьупщlэу зэхэтгъэувэкlыгъэ гулъытэшхуэ хуащ. Мы гъэм быльымэ 1377-рэ кьаэхъуащ, «Мадар» СПК-м и мэл бжыгъэр 4710-м нигъэсащ. «АПК-м зегъэужьыкlи» лъэпкъ проектым ипкъ иткlэ, «Щlыхь»кlыхьэ» мэкъумэш предприятэм и Iэш псэуальэхэр кьыхьуэ-тыныщу зэрызэгъэпэщыжьащ, а лэжьыгъэр мы гъэм зэфlагъэкlынущ. Абы щыlэныгъэщ былым 600-м нэблагъэ».

Районым мэкъумэш хозяйствэмкlэ и Iэхъуэщlапlэм и унафэщlым кьыззэрыкlугъэжьащ, гъавэгъэкlэхэмрэ Iэщыхьэхэмрэ лъэпкъ проектыр гъэзэщlэным жыджэру хэтщ, кредитхэр фейдэ пылъу кьагъэсэбэп, Iэнатlэщlэхэм зрагъэубгъу, техникщlэ кьащхьу.

Бжьыхьэсэр гектар 5700-м щрагъэкlуэжьын хуейти, ари и кlэм нагъэблэгъащ, мы мазэм икуэм фlэмыкlыу яухынущ.

«Районым мылейуэ зэрызиужьыным и фыиГъэкlэ, мазибгъум бюджет зэмылIэужьыгъуэхэм налогыу халъхьащ сом мелуан 243,8-рэ. Ар дызыщыгъгъам процентI 4-кlэ щегъу. Апхуэдэ щыкlэкlэ федерал бюджетым сом мелуан 41,6-рэ, щыналъэ бюджетым сом мелуан 226,1-рэ, щыIэ бюджетым сом мелуан 55,6-рэ яIэрыхьащ.

ПРоыщлынэ процентхэр зыгъэхьащ сом мелуан 471-рэ и уасэ. Ар дызыщыгугъам нэхърэ хуэдэ 3-рэ ныкъуэм нэскlэ нэхъыбэщ. Лъжьыгъэфl яIэщ «Рус-АЛКА», «Щэджэмшагъыперыскъыпром», «Реал-бизнес» ООО-хэм. Псори зэхэту ерыскъым елэжь предприятэхэм зэрагъэхьэзырыр сом мелуан 412,3-рэ и уасэ. Ухуэныгъэм ирахьалIэ материалхэр кьыщlэгъэкlыныжьмкlэ, хуабэрэ электрокъарурэ кьэкъыжьыжьмкlэ, нэгъуэщlхэмкlи кьапэщыгъэхэм хьарзынэу пэлъэщащ, сатууэ, Iуэхуитlбзэ зэмылIэужьыгъуэу сом мелуан 471,8-рэ и уасэ ящlащ. Сатум и Iэнатlэм цыху 3420-рэ кьыззщlебыдэ»,- кьыщигъэльэгъащ и отчет докладым куей администрацэм и Iэтащхьэм экономикэмрэ финансхэмкlэ и кьудзэ **Кlуэжьгуэ Руслан.**

Абы зэрыжиlамкlэ, бюджет хэхъуэ-хэр зэгъэуIуныр кьызэзыгъэпэщ, финанс, налог дисциплинэхэр зэрагъэзащlэм кlэлъыпlэ, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ улахуэр щызэкlэлъыдзыгъакlуэ район комиссэм зэпымыууэ и нэIэ тригъэтщ ику ит lэжьыгъэр зыхуэзгъэзыжьыр ар зэрат щlыкlэмрэ.

Иджыпсту Щэджэм куейм щыIэщ хьэрычэтыщlэ Iэнатlэ мыинрэ ику иту 29-рэ. Щхьэхьакъуэрылажьэхэр 124-рэ мэхъу, гъэм зэрыщlидзэрэ лэжьапlэщlу 314-рэ кьызэуахуащ. Экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ зегъэужьыным инвестицэу сом мелуан 577-рэ кьыщагъэсэгъащ. «Европак плюс» ООО-м сом мелуан 25-рэ, «Борэн» ООО-м сом мелуани 10, «Борс» сату центрым сом мелуани 5 хуэхахащ. Зы мазэ-мазитlкlэ нэхъ дэмыкlыкъу абыхэм цыхуэи 130-рэ Iэнатlэщlэкlэ кьызэрагъэпэщынущ.

Мэкъумэш предприятэхэмрэ уней щlапlэмрэ я зыужьыныгъэм инвестицэ мылъкуу сом мелуан 217-рэ халъхьащ, хьэрычэт Iуэху мыинир дэIыгъыныжькlэ муниципальнэ фондым кьыгъгъэдэхкlыу сом мелуани 3,6-рэ абыхэм яIэрыхьащ.

«КъБР-м и Президентым дэж Инвестицэхэмкlэ щlэ» советым мэкъуэгъуэм и 18-м щекlуэкlа зэIуцlым щыдыдаГъащ «Кариста», «Алика и К», «Ипщэ-Авто», «ЛВТ» ООО-хэм кьыхалъхьа проблемэхэр. Абыхэм Iэнатlэщlэу 2625-рэ кьыщыззэIуахьынущ, районым и зэрыжьыныгъэм, налог хэхъуэхэр нэхъыфIу кьызэрагъэпэщынущ, социальнэ Iэнатlэхэр ирагъэфlэкlуэнущ.

Апхуэдэу дяпэкlи гулъытэ хэха хуащынущ хьэрычэт Iуэху мыинм цыху нэхъыбэ хэшэным, ахэр дэIыгъыным,- кьыхихъэщащ кьэпсэлъам.

ЗэIуцlм кьызэрыщыхьэхэщамкlэ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхум районым гулъытэ хэха щыхуащ. Куейм щагъэзащlэ я Iэнатlэр егъэфlэкlуэным теухуа программэр. Районыр гъэпlлыгъуэ зэманым хуэхьэзыр ирихьэлIащ - котельнэ 24-ри тэмэмуэ лэпажь, псэупlэ уиэхэмрэ Iуэхущlапlэхэмрэ хуабэкlэ ирикъуу кьызэрагъэпэщ.

Щlыпlэ администрацэм и Iэтащхьэм ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкlэ и кьудзэ **Гъучlжь Альэмырзэ** зэрыжиlамкlэ, мы гъэм котельнэу 9 зэрахъуэкlащ, жьы 10-рэ хуабэ кlуэлIу зы километр-рэ метри 155-рэ, псы кlуапIэу километри 2-м щlигъу яхьуэжащ.

«Лашынкъейдэсхэр ильэс кудкlэ зыпэплъа Iуэхугъуэ щхьэпэ зэфlэдзэкlащ - кьуажэм ипщэкlэ километри 4-рэ ныкъуэрэ хуэдизкlэ щыIэ псынэпс кьжыщlэжьпlэм кьащщыщlэдзэри, кубометр 300-м хуэща гъэ зэхуэхьэсхьапlэм жьхьэку гъуэгу бжьамийхэр щыдукъуэдиящ. Абы ибгъыкlэ щыдоухуэу псыуэ кубометр 500-м тещыхьа хъуманIэщlэ. КъБР-м и Правительствэм и унафэкlэ мы проектыр республикэм и инвестицэ программэм нэгъабэ хагъэхьати, ар зэрыщыгъ гъэзэщlа мэхъу. Мы зэманым хэкъуэзауэ долэжь «Щэджэм - Налшык» коллекторыр уху-ным. Мы гъэм абы хуэха ом мелуани 10-м щыщу мелуани 7,5-р кьэдгъэсэбэпащ. Псэупlэхэм я унащхьэу метр зэбгъэзэнатlэ 3500-рэ зэдгъэпэщыжащ, зиIэ кlуэщ инженер уху-ным. Мы гъэм метр 320-рэ зэхтхьуэжкlащ, щыхьэпlэу 10 зыхуэт хуэдгъэзащ, щыIэнэу 30 кьэдгъэкъэбзащ.

ЖКХ-м щрагъэкlуэкl реформэхэр дэIыгъныжьмкlэ фондым кьыгъэувэр догъэзащlэ. Мы гъэм а Iуэхум Звездэ-нэ поселкэр сом мелуани 8,1-кlэ хагъэхьати, подряд организацэхэм сом мелуани 5-м щlигъу и уасэ лэжьыгъэ зэфlагъэкlащ, абы и льэныкъуэкlэ яубзыхуа псори мы мазэм зэфlахынущ.

Ди гъэгугъэри зыхуэят худогъаз. Абыкlэ зыкьыгушlегъакъуэ КъБР-м Транспортымкlэ, связьымрэ гъэзгу хозяйствэмкlэ и министрествэм,- кьыхихэщащ Гъучlжь Асльэмырзэ и отчет докладым.

Ар зэпкърыхуэу кьыгъеувыращ Щэджэм куейм щрагъэкlуэжьгъэхэр зыхуэзгъэм, «2010 гъэ пщlондэ кьуажэм зегъэужьынымкlэ» лъэпкъ проектыр гъэззэщlа зэрыхъэм, псы нэпкъхэр зэрагъэбыдзэм, 2009 гъэм и инвестицэ проектхэм зэрыхьэхьэ и мурад программэхэм, нэгъуэщlхэми.

Сессием щызэпкърахащ егъэджэныгъэм, узынщагъэр хьуэмэным, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымрэ я Iэнатlэхэм я Iуэхуэр зыхуэдэмрэ ахэр дяпэкlи егъэфlэкlуэным хуэунэтlауэ зэфlагъэхьэкlыр.

Щэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Мамбэт Михаил** кьэпсэлъахэм жалахэр зэхилхьэжа нэужь, зэIуцlм кьащащ-тащ кьыхьалхьэ Iуэхугъуэхэр щlэзыгъэбыдэ унафэ.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.

● Сессиехэр

Яубзыхуахэр ягъэзащlэ

Щэджэм районым и щыпlэ самоуправленэм и Советым и сессием щызэхальхьэжащ социально-экономикэ зыужьыныгъэ и льэныкъуэкlэ мы гъэм и мазибгъум куейм щызэфlагъэкlаxэр.

РАЙОНЫМ мэкъумэш хозяйствэмкlэ и управленэм и Iэтащхьэ **Ало Заур** кьызэригъэльэгъуамкlэ, зи гугъу тщlы Iэманым кьриубыдэу куейм и агропромышленнэ комплексым кьыщалэжьащ ерыскъыпхьэу сом мелардрэ мелуани 110-рэ и уасэ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елытауэ процентI 131,7-рэ мэхъу.

Хьэщlэнэжьрэ кьэжьыгъэ пасэхэмрэ гектар 10945-м щыIуахэжащ, гъавэу тонн 43035-рэ кьыщlалъыкlащ. Етlуанэ хэгъуэри и чэзум зэфlагъэкlащ: нартыхуэу тонн 18037-рэ, сэхуранэу тонн 2021-рэ, кlэртlофу тонн 14450-рэ, хадэхэкlыу тонн 15773-рэ кьрахьэлIэжащ. А бжьыгъэжэн нэгъабэрейхэм нэхъыбэщ.

«Иджыпсту районым быльымэ 28088-рэ (12800-р жэмщ), джэдыкъэу мин 370-рэ иlэщ. Мазибгъум кьуажэдэхэм лыуэ тонн 3310-рэ, гъэшу тонн 26031-рэ кьалэжьащ, джэдыкъэу мелуан 14-рэ мин 765-рэ кьрахащ.

Хьупщlэу зэхэтгъэувэкlыгъэ гулъытэшхуэ хуащ. Мы гъэм быльымэ 1377-рэ кьаэхъуащ, «Мадар» СПК-м и мэл бжьыгъэр 4710-м нигъэсащ. «АПК-м зегъэужьыкlи» лъэпкъ проектым ипкъ иткlэ, «Щlыхь»кlыхьэ» мэкъумэш предприятэм и Iэш псэуальэхэр кьыкьуэзгъэтыныщу зэрызэгъэпэщыжьащ, а лэжьыгъэр мы гъэм зэфlагъэкlынущ. Абы щыIэныгъэщ былым 600-м нэблагъэ».

Районым мэкъумэш хозяйствэмкlэ и Iэхъуэщlапlэм и унафэщlым кьыззэрыкlугъэжьащ, гъавэгъэкlэхэмрэ Iэщыхьэхэмрэ лъэпкъ проектыр гъэзэщlэным жыджэру хэтщ, кредитхэр фейдэ пылъу кьагъэсэбэп, Iэнатlэщlэхэм зрагъэубгъу, техникщlэ кьащхьу.

Бжьыхьэсэр гектар 5700-м щрагъэкlуэжьын хуейти, ари и кlэм нагъэблэгъащ, мы мазэм икуэм фlэмыкlыу яухынущ.

«Районым мылейуэ зэрызиужьыным и фыиГъэкlэ, мазибгъум бюджет зэмылIэужьыгъуэхэм налогыу халъхьащ сом мелуан 243,8-рэ. Ар дызыщыгугъам процентI 4-кlэ щегъу. Апхуэдэ щыкlэкlэ федерал бюджетым сом мелуан 41,6-рэ, щыналъэ бюджетым сом мелуан 226,1-рэ, щыIэ бюджетым сом мелуан 55,6-рэ яIэрыхьащ.

ПРоыщлынэ процентхэр зыгъэхьащ сом мелуан 471-рэ и уасэ. Ар дызыщыгугъам нэхърэ хуэдэ 3-рэ ныкъуэм нэскlэ нэхъыбэщ. Лъжьыгъэфl яIэщ «Рус-АЛКА», «Щэджэмшагъыперыскъыпром», «Реал-бизнес» ООО-хэм. Псори зэхэту ерыскъым елэжь предприятэхэм зэрагъэхьэзырыр сом мелуан 412,3-рэ и уасэ. Ухуэныгъэм ирахьалIэ материалхэр кьыщlэгъэкlыныжьмкlэ, хуабэрэ электрокъарурэ кьэкъыжьыжьмкlэ, нэгъуэщlхэмкlи кьапэщыгъэхэм хьарзынэу пэлъэщащ, сатууэ, Iуэхуитlбзэ зэмылIэужьыгъуэу сом мелуан 471,8-рэ и уасэ ящlащ. Сатум и Iэнатlэм цыху 3420-рэ кьыззщlебыдэ»,- кьыщигъэльэгъащ и отчет докладым куей администрацэм и Iэтащхьэм экономикэмрэ финансхэмкlэ и кьудзэ **Кlуэжьгуэ Руслан.**

Абы зэрыжиlамкlэ, бюджет хэхъуэхэр зэгъэуIуныр кьызэзыгъэпэщ, финанс, налог дисциплинэхэр зэрагъэзащlэм кlэлъыпlэ, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ улахуэр щызэкlэлъыдзыгъакlуэ район комиссэм зэпымыууэ и нэIэ тригъэтщ ику ит lэжьыгъэр зыхуэзгъэзыжьыр ар зэрат щlыкlэмрэ.

Иджыпсту Щэджэм куейм щыIэщ хьэрычэтыщlэ Iэнатlэ мыинрэ ику иту 29-рэ. Щхьэхьакъуэрылажьэхэр 124-рэ мэхъу, гъэм зэрыщlидзэрэ лэжьапlэщlу 314-рэ кьызэуахуащ. Экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ зегъэужьыным инвестицэу сом мелуан 577-рэ кьыщагъэсэгъащ. «Европак плюс» ООО-м сом мелуан 25-рэ, «Борэн» ООО-м сом мелуани 10, «Борс» сату центрым сом мелуани 5 хуэхахащ.

Зы мазэ-мазитlкlэ нэхъ дэмыкlыкъу абыхэм цыхуэи 130-рэ Iэнатlэщlэкlэ кьызэрагъэпэщынущ.

Мэкъумэш предприятэхэмрэ уней щlапlэмрэ я зыужьыныгъэм инвестицэ мылъкуу сом мелуан 217-рэ халъхьащ, хьэрычэт Iуэху мыинир дэIыгъныжькlэ муниципальнэ фондым кьыгъгъэдэхкlыу сом мелуани 3,6-рэ абыхэм яIэрыхьащ.

«КъБР-м и Президентым дэж Инвестицэхэмкlэ щlэ» советым мэкъуэгъуэм и 18-м щекlуэкlа зэIуцlым щыдыдаГъащ «Кариста», «Алика и К», «Ипщэ-Авто», «ЛВТ» ООО-хэм кьыхалъхьа проблемэхэр. Абыхэм Iэнатlэщlэу 2625-рэ кьыщыззэIуахьынущ, районым и зэрыжьыныгъэм, налог хэхъуэхэр нэхъыфIу кьызэрагъэпэщынущ, социальнэ Iэнатlэхэр ирагъэфlэкlуэнущ.

Апхуэдэу дяпэкlи гулъытэ хэха хуащынущ хьэрычэт Iуэху мыинм цыху нэхъыбэ хэшэным, ахэр дэIыгъыным,- кьыхихъэщащ кьэпсэлъам.

ЗэIуцlм кьызэрыщыхьэхэщамкlэ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхум районым гулъытэ хэха щыхуащ. Куейм щагъэзащlэ я Iэнатlэр егъэфlэкlуэным теухуа программэр. Районыр гъэпlлыгъуэ зэманым хуэхьэзыр ирихьэлIащ - котельнэ 24-ри тэмэмуэ лэпажь, псэупlэ уиэхэмрэ Iуэхущlапlэхэмрэ хуабэкlэ ирикъуу кьызэрагъэпэщ.

Щlыпlэ администрацэм и Iэтащхьэм уху-ныгъэмрэ ЖКХ-мкlэ и кьудзэ **Гъучlжь Асльэмырзэ** зэрыжиlамкlэ, мы гъэм котельнэу 9 зэрахъуэкlащ, жьы 10-рэ хуабэ кlуэлIу зы километр-рэ метри 155-рэ, псы кlуапIэу километри 2-м щlигъу яхьуэжащ.

«Лашынкъейдэсхэр ильэс кудкlэ зыпэплъа Iуэхугъуэ щхьэпэ зэфlэдзэкlащ - кьуажэм ипщэкlэ километри 4-рэ ныкъуэрэ хуэдизкlэ щыIэ псынэпс кьжыщlэжьпlэм кьащщыщlэдзэри, кубометр 300-м хуэща гъэ зэхуэхьэсхьапlэм жьхьэку гъуэгу бжьамийхэр щыдукъуэдиящ. Абы ибгъыкlэ щыдоухуэу псыуэ кубометр 500-м тещыхьа хъуманIэщlэ. КъБР-м и Правительствэм и унафэкlэ мы проектыр республикэм и инвестицэ программэм нэгъабэ хагъэхьати, ар зэрыщыгъ гъэзэщlа мэхъу. Мы зэманым хэкъуэзауэ долэжь «Щэджэм - Налшык» коллекторыр уху-ным. Мы гъэм абы хуэха ом мелуани 10-м щыщу мелуани 7,5-р кьэдгъэсэбэпащ. Псэупlэхэм я унащхьэу метр зэбгъэзэнатlэ 3500-рэ зэдгъэпэщыжащ, зиIэ кlуэщ инженер уху-ным. Мы гъэм метр 320-рэ зэхтхьуэжкlащ, щыхьэпlэу 10 зыхуэт хуэдгъэзащ, щыIэнэу 30 кьэдгъэкъэбзащ.

ЖКХ-м щрагъэкlуэкl реформэхэр дэIыгъныжьмкlэ фондым кьыгъгъэувэр догъэзащlэ. Мы гъэм а Iуэхум Звездэ-нэ поселкэр сом мелуани 8,1-кlэ хагъэхьати, подряд организацэхэм сом мелуани 5-м щlигъу и уасэ лэжьыгъэ зэфlагъэкlащ, абы и льэныкъуэкlэ яубзыхуа псори мы мазэм зэфlахынущ.

Ди гъэгугъэри зыхуэят худогъаз. Абыкlэ зыкьыгушlегъакъуэ КъБР-м Транспортымкlэ, связьымрэ гъэзгу хозяйствэмкlэ и министрествэм,- кьыхихъэщащ Гъучlжь Асльэмырзэ и отчет докладым.

Ар зэпкърыхуэу кьыгъеувыращ Щэджэм куейм щрагъэкlуэжьгъэхэр зыхуэзгъэм, «2010 гъэ пщlондэ кьуажэм зегъэужьынымкlэ» лъэпкъ проектыр гъэззэщlа зэрыхъэм, псы нэпкъхэр зэрагъэбыдзэм, 2009 гъэм и инвестицэ проектхэм зэрыхьэхьэ и мурад программэхэм, нэгъуэщlхэми.

Сессием щызэпкърахащ егъэджэныгъэм, узынщагъэр хьуэмэным, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымрэ я Iэнатlэхэм я Iуэхуэр зыхуэдэмрэ ахэр дяпэкlи егъэфlэкlуэным хуэунэтlауэ зэфlагъэхьэкlыр.

Щэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Мамбэт Михаил** кьэпсэлъахэм жалахэр зэхилхьэжа нэужь, зэIуцlм кьащащ-тащ кьыхьалхьэ Iуэхугъуэхэр щlэзыгъэбыдэ унафэ.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Анэдэлъхубзэм и пщIэр яIэту

Балэ Людмилэ

Пщынокъуэ Олег

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм къызэщlиубыдэ унэтlыныгъэм яныщщ «Си хэку, си лъахэ», «Акъылыфlэ» зэхьэзэхуэхэр.

АБы хьыхэ зэпеуэ иджыблагъэ щекlуэкlащ Кэнжэ дзт Щэнхабзэмкlэ унэм. Республикэм и кьалэхэм, районхэм кьикlа ныбжьыщlэ 200-м нэблагъэ кьызэрихьэлIа джэгу-зэпеуэхэр зыхуэй хуэззу кьызэгъэпэщауэ щытащ. Абы хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министрым и кьуэдзэ **Мэратэ Бэрис.** Кэнжэ Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Пщынокъуэ Олег**, Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ министерствэм и лэжьакlуэ **Балэ Людмилэ, Ахъуей Парисэ, Дыщэкl Оксанэ** сымэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм и кlэльыплъакlуэхэр.

Лъэпкъыбзэм зегъэужьыныкlэ, ар щlэблэм щэрыуэу яIурыльныныкlэ сэбэпыщlухуэ хъууэ кьалъытэ зэхьэзэхуэр зэгъусэу зэдгъэкlуэкlащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ.

Адыгэ гупым я деж щекlуэкlа «Си хэку, си лъахэ» зэхьэзэхуэм кьызэщlиубыдэрт адыгэбзэмкlэ, литературэмкlэ, Iуэрыlуатэмкlэ, КъБР-м и географиемкlэ, адыгэ хабзэмкlэ упщlэхэр. Ахэр зэпеуэм и кьызэгъэпэщакlуэхэм гъэщlэгъэныр зэхалъхьати, сабийхэр (щыхупщl хьу гупурэр зэгъусэт) дихьэхыу икlи жьыджэру лэжьащ.

Бзэм зэрызыушэрыуэмкlэ кьуажэдэсхэмрэ зэрызэщхьэщыкlыным кьыхэкlыу, ныбжьыщlэхэм я щlэныгъэр кьызэрахутар зэпэщхьэхуэщ. Абы иныкъ иткlэ, япэ увыпIэр Аруан районым хуагъэдэщащ, етlуанэр - Тэрч куеймрэ Дзэлыкъуэ куеймрэ, ещанэр Щэджэмшмрэ Бахьсэнымрэ зэдагъэщащ. Кьалэдэсхэм я деж япэ увыпIэр кьыщащхьащ Налшык кьалэ дэт 11-нэ курыт школым икlа гупым, етlуанэр лицей №2-м щеджэхэм ирагащ.

«Акъылыфlэ» зыфIащагр щызэхьэзэ зэпеуэу щытащ.

Упщlэ зэмылIэужьыгъуэ куэд кьыщыхьа тест лэжьыгъэм хуэхаха зэманыр хьарзынэу кьагъэсэбэпащ еджакlуэхэм. Япэ увыпIэр зэдагъэщащ Жыкъуэ Ася (Сэрмакъ, курыт школ №3), Хутэ Аззмэт, Абрэдж Иннэ (Щхьэлыкъуэ, курыт школ №1); етlуанэр зыхуагъэфэщахэр Мэлбахъуэ Зулифэт (Куба, курыт школ №1), Хьэлилэ Лиана (Сэрмакъ, курыт школ №3), Цыпlыны Альбинэ (Щхьэлыкъуэ, курыт школ №1) сымэщ. Ещанэ увыпIэр зэдагъэщащ Пыл Каринэ, Лыджьэдэ Маринэ (Сэрмакъ, курыт школ №3), Атэлыкъ Марьянэ (Кыщпэк) сымэ.

Налшыкдэсхэм я кlэн къызэрикlар мыпхуэдэщ: Гуварыжьыкуэ Инал (Курыт школ №11) япэ увыпIэр кьихьащ, етlуанэр Балэ Мадинэ (Лицей №2) ирагащ, ещанэр Залинэрэ Бищlо Мадинэрэ (Лицей №2) здагъэщащ.

ЗэIуцlр гукъынэжь екlуэкlащ, ар игъэдэхащ. Кэнжэ дэт курыт еджапlэ №20-м и еджакlуэхэм я кьаркlэ зэхагъэзыва концертым. Кьышьынэмыщlауэ, Щрджэныкlу Алиирэ Кулиев Кьайсынрэ я тхыльхэмкlэ кьызэрагъэпэща гъэльэгъуэныгъэр екlуэкlащ. Зэпеуэр Кулиев Кьайсын кьыщалъхуа махуэм зэрытехуэм кьыхэкlыкъу, балъкъэр усакlуэ цlэрыцэм и гъащlэм, творчествэм тепсэлъыхьащ Кэнжэ дзт школ №20-м и еджакlуэ Кулиевэ Любэ.

Лъэпкъитlми я хъуэгъэфIыгъуэ нэхъыщхьэр - анэдэлъхубзэр - игъэльапlэу джэгушхуэкlэ зэхуащlыжащ зэныбжьэгъуэгъэпэщ акъыл жанагъымрэ щытепщэу екlуэкlа зэхьэзэхуэр.

Абы и кьызэрэпэщакlуэхэм фIыщlэ хуащlащ Кэнжэ дзт 30-нэ курыт школым и унафэщl Къуат Светланэ, Щэнхабзэмкlэ унэм и Iэтащхьэ Мамий Заретэ, методист Балэ Маринэ сымэ.

НЭщIэпыджэ Замирэ.
Сурэтхэр **Мамаев Алий** *трихащ.*



Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм автомашинэхэмкlэ яхуоупсэ

Махуэ зыбжанэ хъуауэ «КъБР-м АВАЗ» салоным зауэ лъэхъэнэм и уэрэдэр щоIу, ВАЗ-2107 автомашинэхэр иратыну кьраГъэблагъэ ветеранхэм папщlэ гуфIэгъуэ Iэнэр щызэтетщ. Зауэм хэтахэм зыхуфащэ документхэр абдеж щыхуатхри, автомашинэщlэхэм ису яутIыпщыж.

АВТОТРАНСПОРТКlэ кьызэрагъэпэщын папщlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм чэзум щыщlащ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьаэхэм, ветеранхэм ящыщу 87-рэ. Урысей Федерацэм и Президентым «Ныкъуэдыкъуэхэм социальнэ зэIэпыкъуныгъэ етныным пыщlа яныныкъуэлIэжьыгъэхэм я Iуэхуэ» ЗОО8 гъэм накъыгъэм и 6-м кьыдыгъэкlа Указым ипкъ иткlэ, абыхэм ящыщу 67-м автомашинэхэр хухахащ. Щlыху 60-м куэдрэ зыпэплъа транспортыр яIэрыхьакlащ.

«ИкъукlэгуапIэ сщыхьэуащ тыгъэ кьыхсуащlа автомашинэм и Iункlыбзэр лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкlэ министрым и кьуэдзэ Амщокъуэ ФатIимэ кьызэрызитар», - жеIэ Хэку зауэшхуэм и ветеран Бессонов Николай. Щlыхь орденым и нагъыщуэ щыри зиIэ Герасименкэ Николай къельытэ автомашинэ кьызэрратар зауэм къыщихьа наградэхэм ящыщ зыуэ.

«АвтоВАЗ» салоным и унафэщlэхэр Iуэхум жэуапныныгъэ яхэлъу бгъэдыхьащ. Дэтхэнэ зыми кlыхьlIыхь ямыщlу документхэр хуатхащ, зауэм хабзэу зэрыщыщытам хуэдэу, зы бжьы даIэтащ. Иджы адрей автомашинэу блыр IэкIэ зэрызэрагъакlуэ Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэригъэпэщу заводым кьыщиутIыпщынымкlи поупIэ.

Абыхэм кьадэкlуэу, Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьаэхэм ящыщу 20-м, езыхэм нэхъ кьащтэрти, автомашинэхэм я пIэкlэ дэтхэнэми сом мини 100 иратащ.

А щlыкlэм тету республикэм гъэззэщlа щыхуащ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьаэхэм ящыщу 2008 гъэм щlышыпхьи и 1-м ирихьлIэу транспорт иратын папщlэ ятхуэу щыта псоми я пащхьэ кьыщащта кьалэныр.

ОСМАНОВЭ Мариндж,
КъБР-м Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакlуэ.

● Зоопарк

Хэхъуэ иIэщ

Налшык зоопаркым хэхъуэ иIэщ - леопардхэм щlэжьей щыкlуитI кьащlэхъуащ. Абы зоопаркым и дэжьакlуэхэр щымыгугфIыкlыну кьэнаекъым.

ЗООПАРКЫМ и Iэщlагъэлl Дышэкl Мурат кьызэрыджиlамкlэ, а щыгъэр иджыпстукlэ бжэнышэ ирагъэфэ. Ахэр хуабапlэм щаIыгъщ, ди щlыпlэм и щытыкlэм есэхууахуэбзэрыгъ хьуауэ щытащ. Iеопардхэм кьинэмыщlауэ зоопаркым щаIыгъщ зи бжьыгъэ мащlэ хьуауэ Дунейпсо тхьитlыпlыжьым иратха псэущхьэ лIэужьыгъуэхэри. Апхуэдэущ Гималай мыщэр, пеликан цыбгъэ, кьапlэныр, дыгъужь пlъыжьыр, нэгъуэщlхэри.

ДЗЭГЪАЩlЭ Азэмэт.

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

- НАЛШЫК кьалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм 2008 гъэм фокладэм и 9-м кьыдигъэкlа унафэм ипкъ иткlэ, Александровкэ хьэблэм зыхуэфащэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуищlэну «Эколог-Плюс» ООО-р ирагъэбыдыIащ.

Абы и фыщIэмIэ а хьэблэм щыIэ санитар щытыкlэр нобэм ирихьэлIу яхъхьыфI хьуащ.

Егъэджэныгъэм халъхьа зэхъуэкlыныгъэхэр зыхуэдэр адэ-анэхэм гурагъэIуащ

ДыныволъэIу ди школыр зэрыщыту кьэнэжьныныкlэ фыкьыщIэпIэпыкъну. Ар сабий сад ящlыжыну хэтщ. Апхуэдэу ящlмэ, ди бынхэр епIанэ классым щыщIэдзауэ кlуэн хуей хъунущ километритку-зыкlэ тпэжьыкъэ школым - Щlоналкlэ щыщ хьэкlэ школым - дыкъагъэгугъэ, ауэ ар зэрылажьэм нэхъ р кьутауэ зэрыщытар нэхъыбэу кьэкlынкlэ дошынэ.

Курыт школ №4-м щlэсхэм я адэ-анэхэр, Зенкъуэ Аслан.

Жэуап кьрет КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министрым и кьуэдзэ **Абазэ Б. З.**:

- БАХЬСЭН районым, республикэм и адрей муниципальнэ щlынальэхэм зэрыщрагъаджэр кьэгъэщlэрэщlэжьынымкlэ Комплекс проектым хуигьэдэу ирагъэкlуэкl Iуэхуэхэм ящкъ иткlэ, курыт еджапlэхэм зегъэужьыныкlэ программэ щхьэхуэ зэхалъхьащ егъэджэныгъэ-мрэ щlэныгъэмрэ я Iэнатlэ-мрэ. Ар зэрыщыгъ гъэзэщlа мэхъу. Мы гъэм щlэныгъэм и Iэнатlэ-мрэ я Iэнатlэ-мрэ зэрыщыгъ гъэзэщlа мэхъу. Мы гъэм быльымэ 1377-рэ кьаэхъуащ, «Мадар» СПК-м и мэл бжьыгъэр 4710

Иуан Владимир ягъэлъапІэ

● Пшыхьхэр

Щоджэнщыкіу Алий и щэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым ыкІи благъэ щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балькъэр. Къэрэшей-Щэрджэс республикэхэм щыхьз зиІэ артист, уэрэдыс Иуан Владимир и творческэ пшыхь. Абы кІрихьэлІат Иуан лъэпкъым щыщхэр. Владимир и ныбжьэгъухэр, адэжьхэхэр, и гуащІэм дихьэхэр.



Сурэтыр ТОЛГУРОВ Камал *трихащ.*

ЗИ ДЖЭГУКІЭР, зи ныбжь итыкІэр зэрысфІэгъэщІэгъэным, ищІа роль зыбжанэм сызэрыщыгъуаазэм, жиІэ уэрэдхэр сызэрыщыкІыгъэфІыуэ зэрысльагъуныкъуэкІыу зэІущІэм сыкІуат гукъыдэжьщыгъэ сиІэу. АрщхьэкІэ... Зэошыгъуэ зэхуаэ, хьэмэрэ кІыззэзыгъэнэщхэм зыгуэр кІаймыкъулІаеу аракъым «арщхьэкІэ» жысІэн ыкІи щхьэхуар, атІэ пшыхьыр дакъыкъэ 40-кІэ гуваэ зэрыщІидзарщ. Абы щхьэусыгъуэ ІаІагъэнщ, ауэ лэжьэгъуэ махуэм и ужькІэ цыхур апхуэдизрэ пІыгъыну, дэтхэнэми и зэманыр зэрэдэхьэжІар зыщыбгъэгъупщну кІэкІуу кІыкІщэкІыныкъым. Ди щІэддыкІаІкІуэхэм кІыскІуэзгъэгъунщ Іуэхум щымыщ хуэдэ зы гукъеуэ цыкІукІэ си тхыгъэр зэрызублар, ауэ мы театрым абыкІэ мызэ-мыІІэу дигу зэригъэбгъащІ, я щыщІагъэр жумыІэн пльэхІыркъым.

ПшыхьымкІэ къэзгъэзэжьынщ, гушыІэмрэ макъамэмрэ щыкІуэда зэхьихэр езыгъэжьэкІар КъБР-м щыхьэзиІэ и артист **Къумахуэ Мухьэдинщ** . Ар Владимир гуапэу екІуэхуэ, и творчествэм кІэщІу и гугъу ищІа нэужь, утыкум кІрагъэблагъэщ Къэбэрдей драмэ театрым и художественнэ унафэщІ Шыбэзыхьуэ Басир. Ар ныкъуеувыІащ Москва щеджэу 1975 гъэм къэзыгъэзэжа гупым Владимиррэ езымрэ зэращыщым, театрым щылажьэу ныкъэрэхьэлІэжа нэхьыжьыфІхэм я утыку итыкІэр дерс щхьэпэ зэрахуэхъуам, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми.

- Мы пэшым кІыззэрыщІыхьэ тхылъымпІэхэм щыщу зы закъуи ямыщэхуу кІыззэрымынмкІэгъэльагъэ Володя цІыхуэр дауэ кІыхьущІми, и гуащІэм сыт хуэдэ пщІэ кІыхуащІми. Апхуэдэу ильэс куэдкІэ ди ящэм итыну си гуапэщ ди ныбжьэгъу ЛъапІэр, - жиІащ Басир, икІи, абы и псалъэр ирыщІагъэбыдэ щыкІэу, кІыззэхуэсахэм я пащхьэм кІорахьащ ІутІыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм кІыстращІыкІа спектаклым щыщ пычыгъуэ, Шабэзэехьэ и ролыр Владимир фІы дыдэу зэригъэззэщІар кІыхьэщу.

Къумахуэ Мухьэдин зэрыжиІащи, артис тым зы тІэкІу нитІр и гуапэ, нэхъ машІэжьыр и жагъуэ мэхъу. Шэч хэлъкъым пшыхьым Владимир фІыуэ зымыльагъу зэрымыкІуам, икІи аэр псори зыхуэфэр зыт: Владимир и гуфІэгъуэр даІэтыныр, фІыуэ зэралъагъуэр жраІэныр, и гуащІэм хуэІэ еплъыкІэр утыку кърахьэныр. Апхуэдэу артистым псалъэ гуапэ хужаІэн, макъамэ, гушыІэхьуэхьуэкІэ зыхуагъэзэн папщІэ хуэдэу кІыхьащ КъБР-м и щыхьэзиІэ **Щэрмэт Людмилэ**, Къэбэрдей-Балькъэрым щыхь зиІэ и артистхэу **Хьэмыкъу Жаннэ** , **Дымэн Мурадин, Лу Рэмэзан**, пародист **Дым Елдар** , «Щэджэм псыкъелъхэр» ансамблым и эрэджыкІакІуэ **Тлэхъу Артур**, Къашыргъэ КІуращэ и цІэр зэрихьэу екІуэкІа пшыныуэхэм я зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр кІыщызыхьа, Владимир и кІуэ **Иуан БетІал** , Балькъэр Къазбэч эи унафэщІ «**Хьэтхэр**» ансамблым и уэрэдыкІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ. Псом хуэмыдэу Іэгуаущхэр хуаІэтащ пшыхьыр зэхэзыша Владимир езым итха гушыІэ рассказхэм щыщ къыщеджам, и уэрэдхэр щигъэзэщІам.

Зи унафэщІ Іуэхущ Іапэм щылажьэхэми езыхэми къабгъэдэкІ псалъэ гуапэхэр Владимир жраІащ КъБР-м кІоуртэхмрэ туризмэмкІэ и министр **Фыз Руслан**рэ Лъскэн районым хьыхьэ Аргудан кІуэжьэм и администрацІэм и унафэщІ **Иуаз ФатІимэрэ**. Владимир кІызыхэкІа лъэпкъым къыбгъэдэкІыу кІыззэхуэсахэми пшыхьыр кІыззэгъэпэшыныкІэ щІэгъэкъуэн хьуах эмиф фІыщІэ яуищІу, гуфІэгъуэ пшыхьыр зейм екъуэхьуу къэсІэльащ **Иуан Борис** ЗэІущІэ дахэр «Хьэтхэр» ансамблым игъэзащІэ «Мэздэгу лъапэхэтІэкІэ» зэхуащІыжащ.

ИСТЕПАН Залинэ.

Тхыгъэм фІыкІэ и гугъу ящІу

● ЗэІущІэхэр

Гъуазджэхмкіэ Кавказ Ищхьэрэ кІэралинститутым зІущІэ дахэ щекІуэкІащ тхакІуэ, журналист Жылтэж Сэлэдин и «Истамбылакіуэ» повестым, ар урысмбзэкІэ зэрызэрадзэкІам текІуауэ. Ар кІыззыгъэнэщІари езыгъэкІуэкІари СКГИИ-м гуманитар щІэныгъэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, культурологием и кандидат ЩІауэІыкІу Людмилэ.

НОВОЧЕРКАССК щыщ усакІуэ Пряжников Александр урысыбзэм кьригъэтІэса «Истамбылакіуэ» повестыр кьытрадзащ «Литературная Кабардино-Балкария» (Налшык), «Дон» (Ростов кьалэ), «Нанэ» (Грозн кьалэ) журналхэм. «Истамбылакіуэм» («Мухаджирство») кьыщыІэта Іуэхугъуэхэм тригъэпсэльыхьыну, лъэпкъым и тхыдэмрэ и гукъеуэмрэ щІэблэр щигъэгъуэзэну зигу кІэкІа ЩауэщІыкІу Людмилэ фІыщІэ хуэщІыпхьэщ.

СКГИИ-м и студентхэр поэмэм щыщ пычыгъэузэм гъэхуауэ кьеджа нэужь, кІыззэхуэсахэр а тхыгъэм тепсэльыхьащ. КультурологиемкІэ кафедрэм и унафэщІ, философие щІэныгъэхэм я кандидат **Ахъухьэу Еленэ**, гуманитар щІэныгъэхэмкІэ кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжь **Тарапильдиевэ Зухра** актер Іэзэгъэмкіэ кафедрэм и унафэщІ **Балькъэр Тамарэ**, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат **Хьэшыр Михаил**, тхакІуэ, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Додуев Аскэр**, Къэбэрдей-Балькъэр республикэм и егъэджакІуэ **Жылтэж ФатІимэ** сымэ и гугъу ящІащ ди лъэпкъым и щхьэм кІрикІуэ Іуэзвэгъуэщхуэм, ар тхыгъэм кІыщыгъэльэгъуэ зэрыхьуэ щІыкІэм.

ЗэІущІэм гупсысэ нэхъыщхьэ хуэхъуэ Іуэхугъуэм, лъэпкъхэр зэкъуэтыныр сыт и лъэныкъуэкІи гъэбыдэн зэрыхуэм, ди щІыналъэ щхьэпэблыкъ кІыщыхьункІэ Іэмал зэримыІэм �щауэщІыкІу Людмилэ тепсэльыхьа нэужь, зэІущІэм кІрихьэлІа студентхэр поэмэм теухуауэ зыщІэупщІа псоми жэуап ягъэуатащ.

БЛИЙ Даниэ.

Дыщи дыжьыни

● Дзюдо

ЩэкІуэгъуэм и 6-9-хэм Урысей Федерацэм дзюдомкІэ и чемпионат Волгоград щекІуэкІащ. Абы хэтащ къэралым и щІыналъэ 65-м я спортсмен 500-м нэбдагъэ (щыхухьыу 286-рэ, щыхубзу 194-рэ).

ЗЭПЕУЭМ и япэ махуэм чемпионатым и дыщэ медалым щІэбзнащ килограмми 100, абы щхьэдэх хьэпагъэ зиІэ дзюдоистхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакІэу Хьурсин Артур кг 100-м щыбанэжм я деж жэз медаль къыщихьащ. Ди щІалэм хиГъэщащ 2007 гъэм УФ-м и чемпион хьуа Леденев Александр вице-чемпион Сергейр мойлович Сергейрэ. Мыбдеж ягъэ увыпІэр щиубыдащ ингуш щІалэ Кастоев Асхьэб.

Килограмми 100-м щІигъуэм я деж дыщэ медаль къыщихьащ илъэс зыбжанэкІэ «Гладиаторым» и щІыхьыр зыхъума мэзкуудэс Михайлин Александр. Абы и Іуэхур нэхъ тынш ищІащ мыгъэрей чемпионатым дзюдоист лъэщ Тменов Тамерлан зэрыхэмытам.

Финалым нэсат килограмм 81-рэ зи хьэпІагъэ Щад Мурат, ауэ кІэух зэкъэжъэр абы фІихьащ Дагъыстаным и дзюдоист Магомедов Сиражудин. Ди щІалэм дыжьын медалыр кІыІыпысащ.

Илъэс зыбжанэкІэ ехьулІэныпІэ иІэу килограмм 90 зи хьэпІагъэхэм я деж щыбэна, Урысей Федерацэм мызэ-мыІІэу и чемпион, приз эр хьуа Тау Хьэсэнбий идыырей чемпионатым хэтакъым. Ауэ Волгоград жэз медалыр къыщихьащ республикэм и дзюдоист щІалэщІэ Самир.

Чемпионатым и ещанэ махуэм Къэбэрдей-Балькъэрыр дыщэ медаль пэпІэтэ хьуну щытащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуци, ахъуэдэ гугъэ дэзыгъэщІа Джэданэ Алим зэпеуэм щІидзэным зы махуэ иІэу сымаджэ хъури, зэхьэзэхуэм кхьэхымкІыу хъуакъым.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, килограмм 66-м щыбанэхэм я деж ди щІалэр япэ номеру щытщ, икІи Іэщ ІагъэлІэхэм щхьэ кьытрахьэртэкъым абы япэ увыпІэр кІыззэрихьыфынмэ - олимпиадэ нэужьым Джэданэм щІыщІэ чемпионатым зыхуигъэхьэзырат.

Килограмм 73-м щыбанэхэм я деж дыщэ медаль къыщихьащ Къэрэшей-Щэрджэсым и дзюдоист, «Гладиаторым» и бэнакІэу Сидакъ Азэмэт.

Чемпионатым и иужьрей махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэузуращ. Килограмм 60 зи хьэпІагъэм я деж щыбанэ Мудрэн Бесльтэн Урысей Федерацэм и чемпион хуауащ. Адыгэ щІалэм дзюдомкІэ ар и япэ екъуэІэнэщхуэщ. Пэжщ, Урысей Ищхьэм и зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Налшык щекІуэкІам Бесльтэн щытекІуауэ щытащ, ауэ иужьрей екъуІэнэщхэм ди щІалэм Іэмал кърет спортсменхэм ирагъэкІуэкІыну къыкІэлъыкІуэ ильэсиплІ Олимп цикІым хэтыну.

Къыхэдгъэщынщи, нэхъапэм Бесльэн самбэм зыхуигъаСэу щытащ, а спорт лІэужьыгъуэмкІэ екъуІэнэныгъэрэ иІащ. Абы щыгъуэ Мудрэным и хьэпІагъыр килограмм 57-м нэсу арати, иджы тІэкІу хигъэхьуэн хуей хуащ, сыту жыІэпІэмэ, дзюдом щыбанэгъкым килограмм 60 нэхъ мащІэ хъуэхэр.

УФ-м и чемпионатым и пэ кІыхьуэ Бесльэн дыщІепсэльаи жиІат, иджырей зэхьэзэхуэр къыхуэхьу щытмэ, дзюдомкІэ Олимп медалым зэрыщІэбэныныр, ар абы нэсын папщІэ и къаруи и зэманн зэремыблэжьыну. Самбэмкіэ щалэм иІа екъуІэныгъэхэм гугъэ уагъэхуІ абы и мурадыр къеХуІэну.

ХЬэщЫКЪУЕЙ Олег.

Щэнхабзэмкіэ унэр зыхуей хуагъазэ

Зеикъуэ къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм дэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІ. Абы и унафэщІ Къумий МурІэд и Іэнатіэм зэрыпэрыхьэрэ мазитху фІэкІ мыхуэмми, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху зыбжанэ зэфІэхащ. Илъэс куэдкІэ гулъытэншэу щыта кІубым щІэнрэ блэжьынрэ я гъунэжу зэрыщІэлъыр къилъытэри, нэхъ Іэмалыншэ дыдэхэм ар псынщІэу яужь ихьащ.

Щоджэн Зоерэ Къумий МуІэдрэ.

РАЙОНИМ къуажэмэ я тхьэмадэхэм Къумийм и мурадхэр къыдалыгъри Щэнхабзэмкіэ унэр зыхуей зэрызэгъэным хуэжьащ: ушхьипсыр къызыпхыкІ унащхьэхэр зэрахъуэкІащ, ущылэжьэныр ущІэсынри Іэмал зимыІэ пшэ зэкІэлъыкІуэхэм щхьэгъэбжэщІэхэр халъхьащ. ЩІымахуэ лъэхъэнэм я лэжьыгъэр щІэх-щІэхыу щыізэпагъэу къэхъуу, унэм къакІуэ сабийхэм я узынщагъэм тегуззвыжу щытамэ, узыщыгъуфыкІынщ иджы пэшхэр къагъэпль зэрыхьуам.

- Ди Іуэхухэр псынщІэ къытщищІащ къуажэ адміністрацэм и Іаращхьэ Къэрмокъуэ Гъумар, - жеІэ Къулий МуІэдэ. - Ди Іэнатіэр егъэфІэкІуэныкІэ мурад куэд диІэщ, ауэ ар къыддамыІыгъмэ, Іуэхур кІэтэнчкым. Сэ къызолъытэ мы зы гъуэгукІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэтхауэ.

Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр зыгъуэта унэм иджы ныбжьыщІэхэр Іуэхугъуэ зэмыдзэрэ зэрыщІагъэбыдэ щыкІэу, кІыззэхуэсахэм я пащхьэм кІорахьащ ІутІыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм кІыстращІыкІа спектаклым щыщ пычыгъуэ, Шабэзэехьэ и ролыр Владимир фІы дыдэу зэригъэззэщІар кІыхьэщу.

Къумахуэ Мухьэдин зэрыжиІащи, артис тым зы тІэкІу нитІр и гуапэ, нэхъ машІэжьыр и жагъуэ мэхъу. Шэч хэлъкъым пшыхьым Владимир фІыуэ зымыльагъу зэрымыкІуам, икІи аэр псори зыхуэфэр зыт: Владимир и гуфІэгъуэр даІэтыныр, фІыуэ зэралъагъуэр жраІэныр, и гуащІэм хуэІэ еплъыкІэр утыку кърахьэныр. Апхуэдэу артистым псалъэ гуапэ хужаІэн, макъамэ, гушыІэхьуэхьуэкІэ зыхуагъэзэн папщІэ хуэщІыпхьэщ КъБР-м и щхьэзиІэ **Щэрмэт Людмилэ**, Къэбэрдей-Балькъэрым щыхь зиІэ и артистхэу **Хьэмыкъу Жаннэ** , **Дымэн Мурадин, Лу Рэмэзан**, пародист **Дым Елдар** , «Щэджэм псыкъелъхэр» ансамблым и эрэджыкІакІуэ **Тлэхъу Артур**, Къашыргъэ КІуращэ и цІэр зэрихьэу екІуэкІа пшыныуэхэм я зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр кІыщызыхьа, Владимир и кІуэ **Иуан БетІал** , Балькъэр Къазбэч эи унафэщІ «**Хьэтхэр**» ансамблым и уэрэдыкІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ. Псом хуэмыдэу Іэгуаущхэр хуаІэтащ пшыхьыр зэхэзыша Владимир езым итха гушыІэ рассказхэм щыщ къыщеджам, и уэрэдхэр щигъэзэщІам.

Зи унафэщІ Іуэхущ Іапэм щылажьэхэми езыхэми къабгъэдэкІ псалъэ гуапэхэр Владимир жраІащ КъБР-м кІоуртэхмрэ туризмэмкІэ и министр **Фыз Руслан**рэ Лъскэн районым хьыхьэ Аргудан кІуэжьэм и администрацІэм и унафэщІ **Иуаз ФатІимэрэ**. Владимир кІызыхэкІа лъэпкъым къыбгъэдэкІыу кІыззэхуэсахэми пшыхьыр кІыззэгъэпэшыныкІэ щІэгъэкъуэн хьуах эмиф фІыщІэ яуищІу, гуфІэгъуэ пшыхьыр зейм екъуэхьуу къэсІэльащ **Иуан Борис** ЗэІущІэ дахэр «Хьэтхэр» ансамблым игъэзащІэ «Мэздэгу лъапэхэтІэкІэ» зэхуащІыжащ.

ИСТЕПАН Залинэ.

● Щапхъэ

Лъэпкъитіым я къуэ

Аруан къуажэр республикэм и жылагъуэ нэхъ зыщІэужьахэм ящыщ. Абы кІыдэкІащ Хьэку зауэщхэм и зэманым щхьэмыгъазэу биим пэщІэтахэр, нэмыщхэм зэхакъута псэуальэхэр жэщмахуэ ямыІэу зэфІэзыгъэувэжьахэр. Белкіэ тІахэр, хьэмфІанэкІэ щІахэр. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, а нэхъыжькъыфІхэм ящыщу нобэ псэужьыр машІэщ. Хэкум, кІуэжьэм хьэлэмуу хуэлэжьа а щІыху тельыджэхэм ятеуохуа тхыгъэ гъэщІэгъэунэхэмрэ суэрэтхэмрэ курыт еджапІэм, Щэнхабзэмкіэ унэм, библиотекэм щахьмуэ, абы-хэм я къекІуэкІыкІам щІэблэр хагъэгъуаз.

АДЫГЭХЭМ пщІэ къыуащІу, къакІэлъыкІуэу , гуауэрэ гуфІэгъуэрэ къыдагъэшу мы жылэм куэд щІауэ щопсэу лэжьыгъэм и ветеран Аттаев Жэмал Хьэжьи и къуэрэр абы и щхьэгъусэ Назиярэ. Ильэс 80-м щхьэдэхэ а зэщхьэгъусэхэм зэдапІащ, гъуэгу захуэ гъэльэгъуащ я бынибыр:Ахьмэт, Алий, Марие, Іэсият, Людэ, Валерэ, Мадинэ сымэ. Абыхэм къуэрыльху - пхырыльхуу 11, абыхэм я быныку 2 яІэщ. Мы тхыгъэр зытеухуар Жэмал и къуэхэм ящыщ Алийщ.

Алий Аруан къуажэм къыщыдльхуащ. Курыт еджапІэм и ужькІэ Чехословакием ильэсищкІэ дзэ къулыкъур щрихьэкІри, дамыгъэ лъапІэхэр иІэу кьыригъэззэкащ. Сэлэт фащэр зыщыгъ щыщІэ екІум и сурэтхэр, зыхэта частым и командирхэм абы и адэ-анэм кьыхуатхауэ щыта фІыщІэ тхылъхэр, нэгъэщІэхэри ильэс 34-м щигъэуэу хуэсакъыу екъуэмэ. Дзэм къызэрикІыжу, Алий колюзым хохьэ, ятэ щыкІэ шэ къызэрыращэжкІ автомашэр иролажьэ. Техникэм фІыуэ зэрыхищыкІыр къалЬытэри, пщэдджыжь нэхурдыш жэмышхэр къызэрыдащ, пщыхьэщхьэм зэрызэбграшыж автобусым дагъэтІысхьэ. А кьалэныр ильэсихкІэ ирихьэнІауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зоотехникмкІэ и кьудамэм заочнэу щІотІысхьэ, Іэщ лъэпкъыфІ къэгъэзхьуи къалэнри пщэрыльхьщащІ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэзгъэта нэужь, ильэс 16-кІэ гъэщ комплексым и унафэщІу мэлажьэ.

- Лъэпкъ проектэхэр гъэззэщІэным, къуажэдэхэр зыхуей - зыхуэфэхмкІэ кьызэгъэзэпщынымэ, зэуауэ тхуэзэфІэкІ зэрыдлэжьынымрэ яужь дитщ, - кьыджаІащ щыпІэ администрацэм и унафэщІ Кьардэн Вячеслав зыщыхуэдгъэзащ. - Унагъуэ псоми газыкъэ псымэрэ яІэщ. Гуэдзыр, хьэр, сэхуараныр, нартыхуэр кІэртІофыр, и чэзум кьетхъэлІэжащ, бжьыкьэсэрэ хьэрэзынэу зэфІэгъэгъэкІащ. Бджэжьдырылажьэу цІыху 60-м щІигъу диІэщи, дэтхэнэми езыбдыдІа щІыр нэхъыфІу зэрыхэзрилъэным, гъавэ нэхьыбэ кьызэзриптрихьынымэ жущІокъу. Нобэ дыщІэгущхуэн, дыщІэгуфІэн хуэдэ диІэщ - ар псом япэу льэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщхэр зэрызэгъэрыуІэрщ, зы унагъуэм зэуэу зэрызэгъэпсэуэрщ. ЩхьэхуэУ и гугъу сщІыну сыхуейт ди бджэнгъдыдІаІэхэм я ятІонэрхэм я ятІонэрым хэт лэжьакІуэшхуэ Аттаев Алий. Нэхъыжьхэмэ нэхъыщІэхэми ар фІыуэ яцІыху, пщІэ лей хуащ. Ар адыгэбзэкІэ щыпсалъэкІэ дальэхэр зэрыщІэн щы-Іэкъым, апхуэдизкІэ Іэзэу егъэшэрыуэри.

- Къэралыр зэракъутэжам кьишлуэ щыта гугъуехьэхэр псоми фІыуэ дощІэж - цІыхуІэ мылькур зэбгралъэфащ, тІыкуэнх зэр нэщІт, улах уэр, пенсэхэмрэ сабий ахъшэхэмрэ я яуэ зытыртэкъым. - жеІэ Аттаев Алий. - Дэ абы щыгъуэ зы гуп цІыкІу дыхьуу - Къардэн Руслан, Мэрэзэлы Анзор, Щэхьмэн Руслан сымэ си гъусэу щы гектар 260-рэ бджэнщу кьэтщтауэ щыташ. Ар ди деж Іэ лэжьэкІэщІэ т Дыхилъэфэнуми ди Іуэхур кьикІынуми тщІэрэтэкъым. Щыр къэнщыбкІэ дгъэпшэрщ, жылапхъэфІ кьэдгъуэтри хэтсащ. Абы щыгъуэ гъавэ хьарзынэ кьыдгъэуІуІэу щытащ. Иджы ильэс кьэс гуэдз, хьэ, нартыху, суданкэ, люцернэ хьэдосэ икІи, пэжыр жысІэнщи, бэву кьытхуэхьу. А псоми кьаджэну, Іэщ 200-мщІигъуи зыдоХьэ. Ар кьалэн тынш кьым, псэуальэхэр, мэкъумыльэкІэ, Іуэсипхьэкіэ тэмэму кьызэгъэпэщын хуейщ, зы щхьэр зыгъэнэ кьыдош, ІыхьпІэхэм идогъашэ, цІыху щхьэху экэм ядот.

Аруан къуажэм и мыдакъэу, республикэм псом зи цІэр фІыкІэ щыІуэ Аттаев Алий зи пашэ бджэнды-рылажьхэхэм я ІуэхущІафэм теуХуэ. псалъэ Іуэпэ куэд кьыджаІащ къуажэ унафэщІхэмэ нэхъыжьхэмэ.

Гъэш фермэм дыщытехьэм Алий, псом япэу, иригушуэри дигъэшІагъэ. Іуэхуэ-хьуэхэу Бейтыгъуэнхэ Хьэчим, Тимур, Хуцынэ Заур, жэмышхэу Щынахьэу Люсэ, Дол Феликс, Жылэ Аслъэн, Щоджэн Хьэсэн сымэ.

«ЕхьулІэныгъэ гуэрхэр диІэмэ, зи фІыщІэр мы цІыху гуащІафІэхэрщ»,- кьыджаІащ абы.

Аттаев Алий пщІэ зыхуащІ унагъуэ дах э иІэщ: и щхьэгъусэ Марьянэ унэгуащІэщ, ятхъэу нэхъыжь Зульфия юристщ, абы кьыжІэлъыкІуэ Ларисэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр мы гъэм кьеуэ.

СОКЪУР Жамбо лэ.

● Прокладнэ куей

Зэкъуэту Іуэхум хагъэщІ

Псыншокъуэ къуажэм дэт курыт еджапІэм спорт дерсхэр щрагъэкІуэкІ и утым лэжьыгъэшхуэ хэр щекІуэкІащ; жьы хуэ спорт ІуэхущхьэмрэкІэ зэрагъэпэщыжри екІуэ ядэжащ.

КЪУАЖЭ администрацэм и мылъкукІэ зыхуей зэрызащ школ пщІантІэм дэт тетІысхьапІэхэр, т оп джэгупІэхэр. «Утым телъ асфальтыр ильэс куэд льандэрэ зэрызэрамылъэкІам кьыхэзыІыу, кьачэри я зэхуакум уджэр кьыдэкІыкІыжат. Асфальтыр пшахьэ щабэкІэ зэтхъуэкІащ, дяпэкІэ сабийхэр льэпэрапэкІи джалэкІи фэбжь хамыкьын хуэдэу,- жеІэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Тхьэкъуахъуэ Албиян. Мы Іуэхум жьыджэру хэтащ курыт школым щІэс цІыкІуэхэри егъэджакІуэхэри. УнафэщІым щыгъуазэ дыззэрищІымкІэ, Псыншокъуэм дэт Іуэхущ Іапэкіэ зыхуей хуэгъэзэнымкІэ кьадоІэпыкьу жьылэм щыщ хьэрычэтыщІэхэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ къуажэ амбулаторэм и хъуреягъкІэ гъуЦІ къэухь дахэхэр ягъэуващ. А Іуэхум Уэгэр Артур и мылъкуу сом мин 20-м нэс кьыхихьащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щіэблэ

Афияным щахъумэ

КъБР-м и курыт школхэм щокІуэкІ «Лъэпкъым дриблиІщ» зыфІаІащ Іуэхугъуэхэр.

НАЛШЫК дэт 30-нэ курыт еджапІэм щІэсхэм ягъэльэгъуащ наркотикым кьишэ насыпыншагъэм теухуауэ ягъэхьэзырэ тепльэгъуэхэр зэрэрэд

жаІащ, усэ кьеджахэщ.

КьаІэта Іуэхугъуэм пыща мыгъуагъэ псоми хэзыщІыкІ дохутырхэр кьахуеблэгъати, а щхьэхъ бзаджэм щынагъуэ пылъыр зыхуэзэр, абы узынщагъэр зэрикьутэр, цІыхум и акъылыр зэригъэтхъуэр, унагъуэхэр зэрызэхикьутэр, нэхъыкІэжьрауэ гъашІэр зэрихьыр щІэблэм жраІащ.

Дохутырхэм ныбжьыщІэхэр кьыхураджащ наркотикым зыщахьэмэну икІи абыкІэ щыІэ Іэмалхэм хагъэгъэзащ. ЕджакІуэхэм дерс яхуэхьун апхуэдэ зэІущІэхэр республикэм и школ псоми щрагъэкІуэкІыну мурад яІэщ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

Иджыблагъэ Анапэ щекІуэкІащ тезырхэр ирегъэхьэкІыныкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм хуэдэ зэхьэзэхуэм и ещанэ турыр.

АБы ХЭТАЩ Ипщэ федерал щІынальэм и гуп 20-м щІигъу, Я зэфІэкІ ягъэльэгъуащ Урысейм тезырхэр ирегъэхьэкІыныкІэ и федеральнэ Іэнатіэм и управленэу КъБР-м щы-Іэм и лЬыкІуэхэми.

«Оригинальный жанр» зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ кьамэхэр яІыгъыу кьафэ дахэ зыгъэзэщІа Кьозанш Юрэрэ Кулиевэ Мариерэ. Уэрэд жьІэныкъэ кьафэныкІэ зэхьэзэхуэхэм ещанэ увыпІэр кьыщихьащ Джэдмыщх Иринэ. Сотников Александррэ Газаев Руслан щІыхь тхьылъхэр кьыхуагъэфэщащ.

Апхуэдэу кьыхэдгъэщы-ну дыхуейт ди лэжьэгъу Сотников Александр ипхьу Екатеринэ «Художественнэ псалъэ» зэпеуэм ещанэ увыпІэр кьыззэрыщихьар. Зэхьэзэхуэм нэхъ жьыджэру кІэльыплъам и саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ Абыдэ Лол.

Зэхьэзэхуэр удихьэхыу, зыхуей псомкІи кьызэгъэпэщауэ екІуэкІащ, ди гупым хэтахэм зэфІэкІ хъарзынэ кьызэрагъэлъэгъуари гуапэ щІыхьащ.

ЗЭБАР Мадинэ, *Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапэ.*

Саугъэтыншэу зыри къэнакъым

● Бахъэр куей

Зеикъуэ къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм дэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІ. Абы и унафэщІ Къумий МуІэд и Іэнатіэм зэрыпэрыхьэрэ мазитху фІэкІ мыхуэмми, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху зыбжанэ зэфІэхащ. Илъэс куэдкІэ гулъытэншэу щыта кІубым щІэнрэ блэжьынрэ я гъунэжу зэрыщІэлъыр къилъытэри, нэхъ Іэмалыншэ дыдэхэм ар псынщІэу яужь ихьащ.

Щоджэн Зоерэ Къумий МуІэдрэ.

ЛІэужьыгъуэхэм щыхуагъаІэсэ.

- Ди гуапэ зэрыхъущи, ди деж сабий куэд къокІуаліэ: кьэфакІуэу 150, уэрэджьыІакІуэу 10, театрым дихьэхэри машІэкъым, спортым зыхуэзыгъэсэхэри гупыщхуэ мэхъу, - жеІэ МуІэд. - И Іуэхуэр щыдэхуэха кьэхъуами, унэр зи цІыхуншэу щІитакъым. Къуажэдэсхэм кьагуроІуэ спортым, кьафэм, уэрэдым, художественнэ тхылъхэм сабийхэр дегъэхьэхын зэрыхуейр. НыбжьыщІэхэм я мызакъуэу, нэхъыжьхэми яфІэфІу зыкъгъагъэхьэлІэ пшыхь гъэщІэгъэнэхэр щедгъэкІуэкІыкІ деж.

Къулий МуІэд и мурадщ апхуэдэ зэІущІэхэр, концертхэр нэхъыбэрэ зэхишэну, артист цІэрыІуэгъэ щІэх-щІэхыурэ кьриГъэблэгъэну. Апхуэдэщ егъэджакІуэ нэхъыфІхэм я зэпеуэу дыгъэгъазэ мазэм екІуэкІыну. Иджыпсту МуІэед ящІ итщ а зэхьыхьэ гъэщІэгъэн, щІэщыгъуэ зэрыхъуным. Езы егъэджакІуэхэри жыджру зэпеуэм хьыкъащ, дэтхэнэ зыри хуейщ хуэзэфІэкІыр здыныэсыр зригъэщІэну.

Спорт и лъэныкъуэкІи зэфІэкІ лъагэхэр къыщагъэльэгъуэф мыбы кьекІуаліэ щІалэгъуалэм. НыбжьыщІэхэр дунейпсо утыку иузышэ я тренер ХьэфІыцІэ Мухьэмэд псэемыблэжу и лэжьыгъэм бгъэдэтщ. Абы и гъэсэнхэм ящыщщ дунейпсо чемпион Мэжджыхь Эдуард. Апхуэдэу зеикъуэдэсхэр игроушхуэ спортым и мастер хьуа я щІалэ 11-м, кьэІэщІ щыгуГъыу нэгъуэщІ щІалэ зыбжани яІэщ. Ди зи хьэпІагъэхэм я деж щыбэна, Урысей Федерацэм мызэ-мыІІэу и чемпион, приз эр хьуа Тау Хьэсэнбий идыырей чемпионатым хэтакъым. Ауэ Волгоград жэз медалыр къыщихьащ республикэм и дзюдоист щІалэщІэ Самир.

Чемпионатым и ещанэ махуэм Къэбэрдей-Балькъэрыр дыщэ медаль пэпІэтэ хьуну щытащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуци, ахъуэдэ гугъэ дэзыгъэщІа Джэданэ Алим зэпеуэм щІидзэным зы махуэ иІэу сымаджэ хъури, зэхьэзэхуэм кхьэхымкІыу хъуакъым.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, килограмм 66-м щыбанэхэм я деж ди щІалэр япэ номеру щытщ, икІи Іэщ ІагъэлІэхэм щхьэ кьытрахьэртэкъым абы япэ увыпІэр кІыззэрихьыфынмэ - олимпиадэ нэужьым Джэданэм щІыщІэ чемпионатым зыхуигъэхьэзырат.

Килограмм 73-м щыбанэхэм я деж дыщэ медаль къыщихьащ Къэрэшей-Щэрджэсым и дзюдоист, «Гладиаторым» и бэнакІэу Сидакъ Азэмэт.

Чемпионатым и иужьрей махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэузуращ. Килограмм 60 зи хьэпІагъэм я деж щыбанэ Мудрэн Бесльтэн Урысей Федерацэм и чемпион хуауащ. Адыгэ щІалэм дзюдомкІэ ар и япэ екъуІэнэщхуэщ. Пэжщ, Урысей Ищхьэм и зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Налшык щекІуэкІам Бесльтэн щытекІуауэ щытащ, ауэ иужьрей екъуІэнэщхэм ди щІалэм Іэмал кърет спортсменхэм ирагъэкІуэкІыну кьыкІэлъыкІуэ ильэсиплІ Олимп цикІым хэтыну.

Кьыхэдгъэщынщи, нэхъапэм Бесльэн самбэм зыхуигъаСэу щытащ, а спорт лІэужьыгъуэмкІэ екъуІэны

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Си хъуреягъкIэ

Дунейм сыкъыщытехьэм...

ЩIАЛЭЩIЭ гуэр гъэшауэ блэкI лIыжь тешхыхьыпам зыкIэ пагэу, лъагэу епльати, а жыгъэр къыпэщылъу щIэнтэкъым, зэрыгушхуэ, и напщIэ тельу и цIхьэр щIиIэт а щIалэгъуэ-бжьыфIэгъуэ еым и лIыфIагъкIэ ХЬЭХ Сэфарбий.

* * *

СИ ЩХЬЭР выдыкIэу фIыщIэрэ си гур уэсыщIэ къесауэ къабзэу, нэхутхэху дахэу сыкъытехьат мы дунеижым. И Iжьы си щхьэр уэсу хуэжьрэ си гущхьэр фIамыщIым хуэдэу уфIыщIауэ сытекIыжьынущ!

* * *

Т ХЬЭМЫЩКIАГЪЭР хьэ къэрабгъэм ещхьщ. ТегушхуэгъуафIэу гу къыплъитамэ, къоупхуэнущ. Ауэ уи кIарур уи фIэщ хьужа-рэ мы дунеижым ипщIыкIыным хуэдэу тегушхуауэ укъиплъагъуамэ, и кIэр и бэкъум диупщIэнуръ, щIэпхъуэжьынущ.

ХЬЭХ Сэфарбий.

● Къуажэхьхэр

Къан хъыджэбзитI зэлъэпагъщ

✿Зи щыб жьыбгъалъэу, зи лъэр кIрахъуэ.
✿ БлапщIэ къаре, къаре убыд.
✿Алэрыбгъур нищ, пхуэIэтыркъым, мывэкIэщхьыр куэдщи, къыпхуэщыпыркъым.
✿ Абрэмывэм зегъаэзэри, купрауэ къыщIокI.
✿ Къан хъыджэбзитI зэлъэпагъщ.

Жэуапхэр

МэдышIэ, Арчэн, Хэфэ, ВачIэ, ЩIэмэн, Пабгъэ.

● Хъуэхъуэр

Нобэ и ныбжьыр илъэситI прокIу КIуэкIуэ Анзор и къуэ Истъам цыкIу

Ди щIалэ цыкIум и къэкIуэнур дахэу, и насыпыр куэду, узынщагъэ иIэу, и пщIэр лъагэрэ и гъэсэныгъэ дуней дахэм тетыну дыхуохъуахъуэ.
Насыпыфlэу, акъылыфlэу,
Мамэ папи пхуэузынщэу,
Дади нанми къыбдэгуфlэу
Куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу!

Уи адэшхуэ-анэшхуэхэу Хьэхэх (Лёнэрэ Светланэрэ, уи анэ шыпхъухэу Заремэ, Залинэ, ФатIимэ, уи анэ дэпхъу Рэмзэан сымэ.

Таукъан къуэ Мыщэкъан

Таурыхъ

ЩЫАЩ-ПСЭУАЩ Уэсмэнкlэ еджэу пщы къулеижь гуэр. Псом хуэмыдэу ар кулейт Iэщышхуэкlэ. Абы и Iэщ хъушэшхуэм, Къущхьэхъу хъунIэм и нэхъыбэр ящу фэбгъурт. Уэсмэн и хьэ лт и лIыщIэхэр гъэ кьэс зэрихьыжкIыу, абы кьыхэкIкIэ, и Iэщхэр Къущхьэхъу дэзыхухэр сыт щыгъуи нэгъуэщIт. Псоми зыгъэр ядиг уэрт, ауэ зэи дагъуэ хуимыщIу пэжу хуэпажьэу и лIэр Таукъан. Къущхьэхъу зыщIыуэкIэ и щхьэгъуэгэ Таужани къыздищтэрти, ахэр зэдэIэпыкъуэгъэ Iэщыр зыхуэей хуагъаэзэрт.

Таукъанрэ Таужанрэ зы хъыджэбзэ цыкIу закъуэ яIэу арати, я хъуэпсапIэт щIалэ цыкIу ягъэтыну. Абыхэм я хъуэпсапIэр кьаижхлIауэ сабийхэри я гъусэу Къущхьэхъу зэдэщыIэм, Уэсмэн щIыIэм техьащ. ЩIалэ цыкIур кьалъхуа къудейуэ арати, пщыр ехъуэхъуащ и лэжьакIуэжьым, я гуфIэгъуэри ядиIэтащ.

- Хуабжьу си гуапэ хъуащ щIалэ кьыззэрыфхэхъуар, - жиIащ пщым. - Фэ фхуэдэу лэжьакIуэфI хъуну сыхуокъ уахъуэ ду - нейм къытехьа цыкIум. Хуит сыкъэфщIамэ, сэ цIэ фIэсщынт абы.

Зэщхьэгъусэхэм я деж-кIэ щIыхьт я къуэм пщым цIэ къыфIищынырт. Пщым Таукъанрэ Таужанрэ пщIэ яхуищIырти, кьахэхъуа цыкIум Пщыкьан фIищащ.

Я нэр кьызыхуикIа щIалэ цыкIур хуэсакъыпэу япIырт адэ-анэм. Езы щIалэ цыкIури у зыншэт. Таукъанрэ Таужанрэ хуабжьу щыгуфIыкIырт я щIалэм и зыужьыкIэм. Лъэпкъ тхуэхъун диIэ хьуащ жари, я гуфIэгъуэм гъуни нэзи иIэтэкъым унагъуэм.

Ауэ абыхэм я гуфIэгъуэр кIыхь хъуакъым. Таукъан Iэщхэр тригъэкIауэ джа-бэшхуэ нэкIум щигъэкъут. Кьущхьэхъум куэдрэ кьыщIымыхьу махуэ уэфI дыдэт.

Я пщыIэ бжэIупэм Iут жыгыжьым и лъабжьэм Таукъан и щIакIуэ ныкъуэлажьэр щIиубгъуэри, Таужан сабийхэр абдеж щIигъэтIысхьащ.

- Сэ сыкъэкIуэжьыу сабийм тIэкIу хуэсакъ, - жиIэри и Iэщхьэбзэ цыкIу Хуаркlэ унафэ хуищIри, Таужан къуэм псыхьэ дыхьащ.

Хуаркlэ джэгуу здэщысым гу лымытэу и дэлъху цыкIур жыгым къыкIэщIэпщащ. Абдежым бгъэжь гуэрым зыкъридзэхри, жыгым къыкIэщIэпща щIалэ цыкIур ипхъуэтащ. Хуаркlэ кIий гуфIуэ къыщIылъэтат, арщхьэкIэ зыри кьыкIакъым, бгъэжьым лъагэу зиIэтри, мэзымкIэ ихьащ. Куэд дэмыкIыу псы пэгунитI ИгъэIуу кьоупщI ар:

- Сыт кьэхъуар? Щхьэ угъурэ?

- Бгъэжьым Пщыкьан мобыкIэ ихьащ, - жи.

- А дунэхъужа мыгъуи, – жиIэри псы пэгунитIыр Iэпыхури, Таужан етIысэхащ.

Пщыхьэщхьэм Iэщхэр пщыIэм кьытезыгъэхьэжа Таукъан гъыным нэпль ищIа зэанэзэпхъур щIыльагъум, хуабжьу кьэщтащ, кьэхъуар щыжраIэм и щхьэр иIэрахъуэри, ехуэхат, ауэ зиIыгъащ.

- Фымыгъ, пщэдджьжь мэзым сыкIуэнщи, сылъыхъуэнщ, - жиIэри зригъэщIащ зи гур кьикIэзызыкI лым.

Жэщыр уэхуэхкIэ зыгъэкIуа Таукъан и Iэхъуэ башыр кьищтэри, нэхуэщым мэзым кIуащ. Махуэ псом кьызэхикIыащ абы мэзыр, зыщIплъыхьащ щхьэхэм я анэр кьыкъуэкIмэ-щэ?».

Езыр хэкIуадэми, сабийр мыщэхэм кьахимынэным тегушхуэри, и джыдэ жаныр Iэ ижьыкIэ иубыдщ, кьуэ кум дыхьэри мыщэ шырхэр лъэныкъуэ зырызымкIэ эзэг ридэри, щIалэ цыкIур кьуэм кьыдихьыжри, унэм ихьыжащ.

А махуэм Iэхъуэхэм гуфIэгъуэу яIар пхужымыIэным хуэдизт. Сабэм иуэжауэ блиным фIэль шыкIэпшынэр кьыфIихауэ Таукъан еуэурэ зэщхьэгъуэгъэхэр кьыIэздэфэрт. Апхуэдэу пщы Уэсмэн кьрихьэлIати, хуабжьу игъэщIэгъуащ щIалэ цыкIум и Iуэхур кьыIэрекIуэкIар.

- Аращ, зи ажал кьэмысар псэунущ, мыр сабий насыпыфlэу кьыщIэкIащ, и гъащIэр мыщэм ихьуащ. Сэ абы Пщыкьан фIэсща щхьэкIэ, зыри хуэсщIэфакъым, псори кьыхуэзыщIар мыщэ анэжьраци, сэ сфIэкьаблыщ си кьаным и цIэр Мыщэкъанкlэ зэсхуэкьыжьыну, - жиIащ пщы Уэсмэн.

Пщым жиIар унафэти, щIалэ цыкIум и цIэр Мыщэкъаным кьытенащ. Мыщэ анэм и шэр сэбэн кьыхуэхуауэ кьалытэу абы мыщэ кьару хэлъ хуат: витIым джабэм кьахудэмыщ гум Мыщэкъан щIэрыIамэ, нэпIэзыпIэм кьыдэкIырт. Езым хуэдэ щIалибгъум кьарукIэ апэщIэувэфу щытащ ар.

IЭЖЪУЭБЭЧ Даян.
Къулькъужьи Ипщэ къуажэ.

● Гушыlэхэр

Шыдым и закъуэ хуэхьыну?

Махуэщхуэ къэблагъэм и пэ кьихуэу Хъуэжь зыкъом кьыщэхуауэ унэм кIуэжьырт. Ар и шыдыжьым щэсри, ихьыж хъуржьынышхуэр езым и дамэм трилъхащ.

- Хьуэжь, мыр уи дамэм т елъ нэхърэ нэхъыфIхъ, шыдым тепльхьэм, с ныжьриIащ гъуэгум кьыщыхуэза и цыхугъэм.

- Ар дауэ, - егъэщIагъуэ Хьуэжь, - шыдым сэри хъуржьи хьэпъэри дыхуэхьыну? Сэри зыгъэр щIхьэщысхи хуеИкъэ?!

Нэгъуджэр къыззт

Жэщыр гуваэ, жейуэ здыхэпльым Хъуэжь и щхьэгъуэгэр къигъэушащ.

- КхьыкIэ, псынщIэу къэтэджи си нэгъуджэр къыззт, - жиIащ абы.

- Ана, уи щхьэм зыгъэр илажьэ, жэщ ныкъуэм нэгъуджэр сыту пщIыну? - щIэпщIащ щхьэгъуэгэр.

- Зумыльэфыхь. Сэ пщIыхь гъэщIэгъуэн сльэгъуащ, ауэ кIыфIти, зыгурэкэр схуэхэгъэкIакъым. Нэгъуджэр къыззптамэ, фIыуэ зэпэсплъхьынут.

Щыщlэмысым деж...

Хьуэжь куэдым фIыуэ яIагъуртэкъым, сытым дежи пэж фIэкIа зэрыжимыIэм, псалъэ щхьэкIэ и жып зэримыIэбэм кьыхэкIы.

Зэгуэрым ар кьалэ судыщIэм деж кIуащ, зы Iуэху гуэр зэхигъэкIыну. Абы и унэм щыIуэхьэж кьильэгъуащ ар щхьэгъуэгэм къыIухьэу занщIэу зэрызыIуигъэбзэхыкIыжар.

Хьуэжь бжэм щытеуIуэм, унэIутым бжэр къыIуихащ.

- Мэзр зеир щыIэкъым, ар бззэрым кIуащ, - жиIащ абы.

УнэIутым жиIэр зэрыщIыщIу зыщIэ Хьуэжь къикIуэтакъым:

- АтIэ, а укъыщIэзыгъэкIам жеIэж и щхьэр щхьэгъубжэм кьыIуинэу зэи бззэр мыкIуэну. Армыхьумэ, кьыхуеIуэ кьакIуэхэм ар щIэс ягугъэнщ.

ДЖЭДГЪЭФ Асльэмырзэ.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 5**. Адыгэ шхыныгъуэ, джэдыкIэрыпщ. **6**. Унагъуэ кьэ яIэ хьэпшып. **8**. Муслъымэнхэм я махуэ льапIэ. **13**. Зи Iур быхъу. **14**. Джэдыкlэ... **15**. Ахьшэ жьгъей. **16**. Зишхьу ирахьжьам э си былым ирахужьам кIэльыщIэпхъуа гуп. **17**. Армениер зэрыгушхуэ бгы щыгу льагэ. **20**. ЩIхьэгъуэм и шыпхъу. **21** ХъумпIэдж Iуащхьэ. **23**. Шатэ... **24**. «... зыгI йохуэж». **26**. Iэщым и щIэжьей. **27**. Шым и фэ. **29**. Къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфI. **32**. Хъуржьнышхуэ, къэп щIыкIу. **33**. Вакъэ кьыхащIыкIыу щыта бжэныфэ Iуэта. **37**. Нартыху хъуманIэ. **38**. Бдзэжьей зэрещэ. **40** Абы имытмэ, льакъуэм и мыгъуагъэщ. **41** . Шыбжий фIыщIэм нэгъэщIыу зэрдж. **44** Уафэм кьех мыл тыкъыр цIыкIу. **47**. Композитор, уэрэджьIакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **48**. Бжьыфlэ, зэкIуж, ин. **49**. Аруан районым хиубыдэ кьуажэ. **50**. Льахъстэн вакъэ пIащIэ. **52**. Хьэпщхупщ щынагъуэ. **53** Уафэм кьех псыIагъэ. **55** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **56**. ЩIхьэусыгъуэ гуэркIэ кьуаажэм дэкIауэ зызыгъэпщкIуу щытам зэрэджэ. **57**. Пасэрей зауэлI джанэ. **58**. Адыгэхэр Волгэ псым зэрэджэу щыта.

***Кьехуу*: 1**. А унэцIэр зезыхьэхэм кьахэкIащ: КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI, Социалист Лъжьыгъэм и Лыхъужь, КъБР-м и Парламентым и депутат, министр. **2**. Муслъымэн лъэпкъышхуэ. **3**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник. **4**. Шыуанышхуэ. **7**. Къулейсыз. **9**. Псэлъэрей, жиIэм кьикIыр зымыщIэж. **10** Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **11**. Псыежэхыр зыдэт къуакIэ. **12**. Къулькъужьи щалъхуа къэбэрдей усакIуэ. **18** Ватикан къэралыгъуэ цIыкIур зыдэт кьалэ. Европэ къэралхэм ящищ зым и щыхьэр. **19**. Кьазыхъум, гуэгушхъуэм я бгъэм тель. **21**. Мывэ блын задэ, бгы. **22**. Шы «вакъэ». **25**. ХьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ. **28**. Мэлыхъуэ пщыIэ. **30**. Лъэныкъуэ зиIэхэм нэгъуэщI унагъуэ щрагъэпIу щыта сабий. **31**. Пхъэ кIапэ, зимыIуэху зезыхуэхэм я щхьэм техуэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. **34**. Бжьхуэцым кьыхэщIыкIа щэкI Iув. **35**. Iуфэ тхъэмпхуэ. **36**. Щыгъуэ Дон псым зэрэджэу щыта. **42**. Жьыр пхуримыкъуу, дунейм щихуагъэгъуэу зэман. **43**. ЩIэжьей. **45**. Ахьшэ; тхылъымпIэун гъуэщIым кьыхэпIыкIауи щыIэщ. **46**. Пхъэщхьэмыщхьэ, езыр быдэр шхыгъуейуэ. **51**. Хьэкъущыкъум щыщ. **52**. Мэл зыхэва нэхъ-рэ, ... зыхэпкIа. **54**. А унэцIэр зэрахьэ Урысей Федерацым и цIыхубэ артистми, «Шагъдий» уэрэд цIэрыIуэм и псалъэхэр зи Iэдакъэщ1экI усакIуэми. **55**. Къэрэшей-Шэрджэсэм Адыгей щIыналъэми щежэх псы.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩэкIуэгъуэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*: 5**. Шортэн. **6**. ШэрджэкIэ. **10**. Унагъуэ. **11**. Алмэ. **14**. Дисэ. **15**. «Тыргъэтауэ». **16**. Чынт. **18**. Соцэ. **19**. Къэб. **21** «Гулизар». **22**. Iуфапкъэ. **24** Уэ. **27**. Псей. **28**. Тэрч. **29**. Жэмхэгъаеэ. **30**. Штат. **31**. Псэгъу. **33** Щтауч. **36**. Кьандур. **37**. Аргъынэ.

***Кьехуу*:** 1. Арыкъ. **2**. Хьэту. **3**. ХьэщIэ. **4**. Уджыхьу. **7**. Кьалмыкъ. **8**. «МахуэщIэ». **9**. Лусанэ. **12**. ПыIэзэфIхъ. **13**. Журналист. **17**. Тэлай. **18**. Сэкъат. **19** Кьру. **20**. Бгъуэ. **23**. Псатхъэ. **25**. Стэкан. **26**. Ермэлы. **32**. Ланэ. **33**. Щауэ. **34**. Чыр. **35**. Къумыкъу.

Цыкlухэм жаIэ

Ди дадэ гъэщIэгъуэнщ

Зи ныбжьыр илъэситху ирикъуа хъыдджэбз цыкIум и анэм жреIэ: «Мамэ, гъэщIэгъуэнщ мы ди дадэ, и нэгъуджэр и куэдауэ жеIэри, кьелыхьуэу».

Адрейхэр дэнэ здэкIуар?

Зи ныбжьэ хэкIуэта дадэм и кьуэрылъхур и щыбым исщ, допщей, кьэпщыкъ, и пыIэр щхьэрех, щхьэрет IэгъэкIэж, ауэрэ щхьэц щIагъуэ зытемытыжь щхьэр щиIыгъагъуакIэ, щхьэц налъэ зытIущ къиубыдауэ йоупщI: «Дадэ, мыпхуэдэ адрейхэр дэнэ здэкIуар?», - жери.

Си цIэр пщIэрэ?

Адэшхуэмрэ и пхъурылъхуэ цыкIумрэ зопсалъэри щысщ.

- КIуращэ (арат адэшхуэр зэрреджэр), уэ уи цIыкIум уи цIэр сыт?

- Сэ си цIэр Дианэщ.

- АтIэ, сэ си цIэр пщIэу пIэрэ?

- СощIэ, уэ уи цIэр Дадэщ, - пиупщIащ хъыдджэбз цыкIум.

Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Ху махъсымэ

МАХЪСЫМАПХЪЭ У яхьэжыр зи куэнсапIэ темыкIа ху щынэрщ, армыхьумэ хугу ужьагъакъым. И куэнсапIэр зэрыгелъу хур яхьэж. Махъсымэфl хъур хугу ларщ. Ху хьэжамрэ кIытэмрэ зэхуэдитIу зэхатхъэ.

КIытэр зэращIыр: хьэр псы хуабэкIэ ятъэс, чы матэм мыпIащIэ дыдэу мэкъу щабэ ирагъхъэ, абы и щIыIуэ хьэ тъэса тракIутэ, хуабапIэ ягъэувэри, псы гъэва упщIыIуа тракIэуэ зэщIэуфауэ щагъэт, хьэр къикIыкIыкIэ. Хьэ къикIыкIар жьауэм щагъэгъури, щхьэпкIэ яхьэжьыж, итIанэ ху хьэжамрэ кIытапхъэ хьэжамрэ зэхакIутэ, шыуанышхуэм иракIутэри, бэлагъкIэ зэIащIэуэр псывэкIэ япщ, хупщIыкIэ Iуфыкъ хуэдэу. Къэвэн икIи Iэфl къыщIыхьэн щхьэкIэ, ар зэщIэуфауэ зы жэщкIэ хуабапIэм щагъэувэ. Хупщынэ къэвам (къэтэджам) чыржьи къыхащIыкIри, тхъу зыщIыхуа тебэм ирагъхьэ икIи лъэныкъуэ тIыжькIэ ягъажьэ.

Чыржьи жьар IэкIэ зэхапIыпIэри, мыIуэ-мыпIащIэу псыпIащIэ зэIащIэ, ар Iуэру хуэбапIэ ягъэуври, зы жэщкIэ щагъэт. А зэманым чыржьи зэхэпIытIам и щхьэм псы мащIэ кьытредзэ. Абы и ужькIэ шыуанышхуэ хьэкум трагъэувэри, бэлагъкIэ яп-щурэ пIастэм хуэдэу ягъажьэ.

Хьэзыр хъуамэ, шыуаным кьищэту щытщ. ПIастэ жьар дзэ уи щыпакъ мыуГьиим ирагъхъэ, зэIащIэурэ абы псы гъэва упщIыIуа хакIэ. Ещанэу хуабапIэ ягъэув сыхьэтих-икIэ, къэвэн щхьэкIэ. Къэвэн ирикъуа нэужь, бинт тIуащIэщащIэкIэ язри, кхъуэщIэн щхьэ зэвым иракIэ, абы фо халъхьэм, хьагъабэурэ, итъэс зыбжанэкIэ щыIапIэкIыфIыпIэ щахъумэ, и щхьэр гъэбыдауэ. Хьэзыр хъуа махъсымэр зэтожэбзыкI: фадэ пIащIэр махъсымэ жэбзам и пэтехырщ, фадэ фIыцIэр - етIуанэу кьэнарщ. И лъабжьэм кьыщIэнам зэреджэр махъсымэ бырыкIщ. А махъсымэ бырыкIщ нэхъ чэф кьозытIр. Фадэ пIащIэри фадэ фIыцIэ пщIы хъунущ, адыгэ дзасэ-шхуэр гъэпIауэ тIэу-щэ зэIыпщIэмэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхъзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Гурыщlэ толъкъунхэр

Лыгъэр тыгъэ ящIыркъым

●Жьпlэр цIыхум зэхащIыкIын щхьэкIэ, жьыкIэ пщIэн хуейщ.
●Къыпфlащыну дзым ущымышынэу, уэ зы-фIэпщыжьыну дзым нэхъ хуэсакъ.
● Зэхуэдэу гъащIитI щIыщымыIэр зэхуэдэу щIыхуитI зэрыщымыIэрщ.
●Дунейм насыпу тетыр къызэрыльымысынур зыщIэм езым и насыпым и къэгъуэтыкIэр ещIэж.
●Ёгугъу ягъэкIа жыгыр дахэ мэхъури, уегугъуу бгъэса цIыхум узэхещIыкIыж.
●Къэбгъэтугъар къыумыгъэпщIэжьныр лIыгъэкъым, атIэ кьалэщ.
●Зи щхьэр фIыуэ зылъагъужьым ифI кьыуигъэкIыщэркъым, ауэ зыгуэркIэ сэбэн къыпхуэхъуамэ, фIыщIэ лей зыхуигъэщIынущ.
●Къэблэжьауэ Iыхьэнщэ ухъуным нэхърэ, къыумылэжьауэ Iыхьэшхуэ бгъуэтынри нэхъ щIагъуэкъым.
●Лъэпкъым и хабзэр езым йокIуж. Хабзэр зэрыпхъуэжьым хуэдизкIэ лъэпкъым пэIащIэ уохъу.
●МылъкукIэ къэпщэхуам нэхърэ напэкIэ къэпхъар нэхъ лъапIэщ.
● ЛыгъэР тыгъэ ящIыркъым, тыгъэ щIыну лIыгъэми.
●Насыпым и нэхъыщхьэу щытыр - зэрынапэр зыщIэр насыпыншэ хъуркъым.
●Псоми зафIэщIыхуфIыжщи аращ цIыху Iей щIыщыIэр.
●НэгъуэщIхэм фIыуэ яхущытыр и щхьэ фIыуэ хущытыжу аращ.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфlыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ЖылаСэ Маритэ, Льостэн Муэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIыпIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядолжьэныкIэ - 60-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщIихьа бжьгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынур и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щиныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягуэш.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щихабзэмрэ хъыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору ЖылаСэ Замир, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 2-нэ нап.)*, Бащэ ФатIимэ *(3, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дизайнэкъуэгъу ХьэфIыщIэ Марьянэ. *Компьютерхэр газетым и тепльэр яшIащ:* Дол Маринэ, ГъукIэлI Рас, Щомахуэ Маринэ, *суратыщIэщу* Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.010●Заказ №3760